ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КЪБР-М И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№75 (23.483) ● 2017 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 26, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Урысей Федерацэм егъэджэныгъэм зыщегъэужьныр» федеральнэ программэм хищыдзу Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуан 20-м щІигъу къыхуатІыпщ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм ирищІыІа зэгурыІуэныгъэм тету 2017 гъэм къуажэхэм щыІэ курыт еджапІэхэм щІэсхэм физкультурэмрэ спортымрэ зыхуагъэсэнымкІэ яІэ Іэмалхэр егъэфІэкІуэным трагъэкІуэдэн папщІэ федеральнэ бюджетым и субсидиехэр хухахащ. «2013 - 2020 гъэхэм Урысей Федерацэм егъэджэныгъэм зыщегъэужьын» программэм къыщыгъэсыгъуа Іуэхуэр гъэзэщІэным трагъэкІуэдэн папщІэ щІыналъэм къратащ сом мелуан 20-рэ мин 492-рэ. А ахъщэмкІэ зэрагъэпэщыжнущ республикэм и муниципальнэ району 9-м щыІэ еджапІэхэм хиубыдэ спортзал 17.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапл Іэ.

КЪБР-м и Премьер-министр Мусуков Алий игъэгушхуащ «Голос. Дети» телепроектым и кІэух зэпеуэм хэтыну Хекилаевэ Денизэ

Мусуков Алийрэ Денизэ и анэшхуэ Хьэмыку Жаннэрэ.

Мэлыжьыхьым и 28-м Ляпэ каналым эфир зэнщІэкІэ кІигъэлъэгъуэнущ «Голос. Дети» телепроектым и кІэух зэпеуэр зэрекІуэкІ щыкІэр.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ щыщу а конкурсым хэтщ Налшык къалэ дэт 14-нэ курыт еджапІэм щІэс Хекилаевэ Денизэ. Иджыпсту ар Москва щыІэщ икІи псори щыІэзэкІыну иужьрей зэпеуэм зыхуегъэхьэзыр.

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий пщэрылъ къызэрыщищІам ипкъ иткІэ, Мусуков Алий уэрэджыІакІуэ ныбжьыщІэм Skype ІэмалымкІэ епсэлъащ икІи екъулІэныгъэ иІэну екъуэзыхуащ. «Уэ икъукІэ уэзчиифІэщ. Щэч къытесхьэркъым иджыри текІуэныгъэ куэд дыдэ къызэрыпхьынум. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэр уэ уи телъхьащ икІи сыт щыгъуи дыпщІыгъущ!» - къыхиугъэщащ абы.

И ущие псалъэхэмкІэ Денизэ зыхуигъэзащ абы и анэшхуэ, КЪБР-м и цІыхубэ артисткэ Хьэмыку Жанни.

ЩЫзэпсалъэм Денизэ къажриІащ и репетицхэр зэрекІуэкІыр, апхуэдэуи къыщащ гупылъэмрэ гуапэу къызэрыхущытымрэ папщІи фІыщІэ къахуищІащ. «Сэ иджыпсту щІыху куэд дыдэ къысхуогузавэ. Ахэр сымыгъэщІэхъун папщІэ схуэзэфІэкІ къззгъэнэнкъым!» - жиІащ хъыджэбз щІыкІум.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапл Іэ.

☆ Ди къуэш республикэхэм

Я зэпыщІэныгъэм зрагъэубгъу

АДЫГЕЙ. ***Краснодар крайм и губернатор Кондратьев Вениаминрэ Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ КІымпІыл Мурат рэ Іэ щІадзащ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэм.***

ЩІЫНАЛЪЭХЭР зэгурыІуащ сату-экономикэ, щІэныгъэ-техникэ, социальнэ-щэнхабзэ ІуэхуэхэмкІэ щыздэлэжьэну. Нэхъри зрагъубгъунущ мэкъумэш Іэнатіэмкіи зэрызэпыщІам.

Чэщей жыгыщІэхэр

«Чэщей хэсэ!» зыфІащэ Іуэху республикэм щокІуэкІ. Адыгейм. Москва. Санкт-Петербург. Ингушым щыщ волонтёрхэмрэ экологхэмрэ щэбэтым республикэм щыхасащ колхидэ чэщей жыг 300.

ВОЛНТЁРХЭМРЭ Кавказым и щыІуэпс центрым и ІэщІагъэлІ-экологхэмрэ ягъэтІыса чэщей мэзым щы гектар ныкъуэ иубыдынущ. Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэнумэ, езыр-езыру къэкІ колхидэ чэщей жыгхэр хъума щыхъуар Адыгейращ, ауэ абы иубыдыр гектари 4 хуэдизщ.

Адыгейм и хьэщІэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и Іэтащхьэ Темрезов Рашид КъШР-м и вице-премьерхэу Смородин Сергейрэ Уэз Муратрэ, Черкесск и Іэтащхьэ Тамбий Руслан сымэ щыгъуу щэбэтым лэжьыгъэ Іуэхуэкіэ щыІащ Адыгейм. Хьэщіэхэм къаІуащІащ республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ КІымпІыл Мурат.***

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и Іэтащхьэ Темрезов Рашид КъШР-м и вице-премьерхэу Смородин Сергейрэ Уэз Муратрэ, Черкесск и Іэтащхьэ Тамбий Руслан сымэ щыгъуу щэбэтым лэжьыгъэ Іуэхуэкіэ щыІащ Адыгейм. Хьэщіэхэм къаІуащІащ республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ КІымпІыл Мурат.***

ЩІЫНАЛЪЭХЭР зэгурыІуащ сату-экономикэ, щІэныгъэ-техникэ, социальнэ-щэнхабзэ ІуэхуэхэмкІэ щыздэлэжьэну. Нэхъри зрагъубгъунущ мэкъумэш ІэнатІэмкІи зэрызэпыщІам.

Щэбэт щІыхьэху

Республикэпсо щэбэт щІыхьэхэм КъШР-м щыпсэуэхэм зэщІагъэкъэбзащ гектар 400-м щІигъу.

А ЩІЫХЬЭХУМ хэтащ щыху мин 50-м щІигъу. Абыхэм я ящыщщ егъэджэныгъэмкІэ, узынщагъэр хъумэнымкІэ, щэнхабзэмкІэ, спортымкІэ ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэр, щІыналъэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я студентхэр, школакІуэхэр, нэгъуэщІхэри.

ЩІыхьэхум хэтахэм щІыпІэр зэщІагъэкъэбзам и мызакъуэу, жыгхэр яуэхуэнщІащ, сэху тракІащ. А махуэ дыдэм республикэм и жылагъуэ куэдым чыцэхэр, жыгхэр, удз гъагъэхэр щыхасащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ЗэІущІэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Хэхакіуэ комиссэм и зэІущІэм дыгъуасэ щытепсэльыхьащ хэхыныгъэхэр къызэрызэрагъэпэщыр зэрырагъэфІэкІуэну Іэмалхэм.

- НОБЭ ди зэІущІэм суд Іуэхущ Іапл Іэхэм, республикэм и хабзэфэзыгъэ орган нэхъыщхьэм, КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм, Ныкъуэдыкъуэхэм я зэгухьэныгъэм, хьэбарегъащІэ Іэнатіэхэм я Лыкіуэхэр зэрыхэтым, щэч хэмылъу, и мыхьэнэр нэхъ ин ещІ, - жиІащ КЪБР-м и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ **Джэш Вячеслав** зэІущІэр кьащІэзэІуихым. - КЪБР-м и Хэхакіуэ комиссэр 1995 гъэ лъандэрэ мэлажьэ икІи жыгІэфынущ хэхыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр егъэкІуэкІынымкІэ лъабжьэ быдэ ди республикэм зэрыщигъуэтар. АрщхьэкІэ дызэлэжьын хуей куэд иджыри щыІэщ. КъызхэгъэщІапхъэщ, щІыхуэр хэхыныгъэхэм хуэзыгъэхьэзыр Іуэхугъуэ 774-рэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщекІуэкІар. Абыхэм щыщу 12-м федеральнэ мыхьэнэ яІащ, 21-р - республикэм, 741-р районхэм щекІуэкІащ. Ди къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ щІыхуэхэм къэрал унафэщІхэм дзыхь хуегъэщІыныр, политикэ гъащІэм, хэхыныгъэхэм къыхэщыныр.

КЪБР-м и цІыхухэм я хуитыныгъэр хъумэныкІэ уполномоченнэ **Зумакулов Борис** къыщыпсалъэм къыхигъэщащ къаІэта Іуэхум и мыхьэнэр зэрыиныр. «КЪБР-м и Хэхакіуэ комиссэм нэхъ ипэкІэ къызэригъэпэща хэхыныгъэхэм къарикІуар къэтпщытэжу, къыкІэлъыкІуэхэр нэхъыфІыжу зэредгъэкІуэкІынум егупсысын хуейщ. ИкъукІэ лэжьыгъэщхуэ къыптпэщытщ 2018 гъэм УФ-м и президент хэхыныгъэр зэрекІуэкІынум екъэлІауэ, - жиІащ Зумакуловым. - Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, цІыхубэм къыгурыгъэІуэн хуейщ хэхыныгъэхэм я мыхьэнэмрэ я хуитыныгъэхэр зыхуэдэмрэ. Хэт къэрал Іуэхур пщэрылъ зыхуэпщІ хъунур? Мы упщІэм егупсысыпхъэр езы цІыхубэрщ, «Дэ дыхэмытыи а Іуэхур ябэри ягъэтІылъыжащ» - гупсысэкІэм къытетщ, хэхакіуэхэм я хуитыныгъэхэр зэрахъумэжьфынум хуэдгъэсэныр ди лэжьыгъэ нэхъыщхьэу къызолъытэ».

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъ.

● Аруан щІынатІэ

Гъавэ бэвкІэ мэгугъэ

Джэрмэнщык дэт «Агро-07» ООО мэкъумэш Іуэхущ Іапл Іэм губгъуэ лэжьыгъэхэр и гъащІэгъуэу щокІуэкІ.

АБы джэш щхъуантІэу гектар 30 щыхасащ. Ар кърахьэлІэжа нэужь, абы щелэжьынущ Іуэхущ Іапл Іэм езым фІэІугъэхэр щигъэхьэзыр и цехым. Мыбы и лэжьыгъэр зэпамыгъэун щхьэкІэ, хадэжкІ зэмылІэужьыгъуэхэр хасэ.

Джэш щхъуантІэр Іуву къыхэкІащ, бэв зэрыхъунур нэрылъагъуу. Удз ежьужьхэр къытемыувэн папщІэ, мы махуэхэм абы хущхьэуэгъэжэмкІэ елэжьынущ, щІыр ягъэщІэбэнущ. Джэш щхъуантІэр Іуахыжьынущ мэкъуаугъэурэ и кІэхэм.

ЛЪОСТЭН Музэ.

♦**Радиацэ къэхъукъащІэхэм я зэранкІэ дунейм ехьажахэм я фэеплъ махуэщ**

♦**ЦІыху акъылым кьилэжьа мылъкум и дунейпсо махуэщ**

♦**Армением и гъунапкъэхъумэм и махуэщ**

♦**Тэтэр Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - я анэдэлъхубзэм и махуэщ**

♦**Марий Эл Республикэм щагъэлъапІэ лъэпкъ лІыхъужьым и махуэр**

♦**1658 гъэм** Урысейм и пащтыхь Романов Алексей и унафэкІэ Москва и Кремлым и чэщанэ нэхъыщхьэм и цІэр Спасскэ жиІэу зэрахъэкІащ.

♦**1986 гъэм** къэуащ Чернобыль дэт атом электростанцыр. И лъэщагъкІэ ар хуэдэ 500-кІэ нэхъ гуащІэт 1945 гъэм США-м Хиросимэ щридзыха бомбэм нэхърэ. Радиацэм СССР-м и щыналъэм щыщу километр зэбгъуэзнатІэ мини 155-рэ иуцІапІат, абы щыпсэу цІыху мелуаниблым я гъащІэмрэ я узыншагъэмрэ я зэран екІынкІэ шынагъуэу.

♦**1952 гъэм** Мэлбахьуэ Тимборэ Къэбэрдей АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщІу хахащ.

♦**1954 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэр арэзы техьуащ и Президиумым къищта унафэм, Кърым областыр РСФСР-м хэгъэкІауэ Украин ССР-м хэгъэхьэным теухуам, икІи Совет Союзым и Конституцэм зыхуэфащэ зэхъуэкІыныгъэхэр хилъхьащ.

♦**1991 гъэм** РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Унафэщі Ельцин Борис Іэ щІидзащ «Лей зытехьа лъэпкъхэр гъэзэхуэжьным и Іуэхукіэ» Законым.

♦Урым император, философ цІэрыІуэ **Авролий Марк** къызэралъхурэ илъэс 1856-рэ ирокъу.

♦Совет эстрадэм и артист, СССР-м и цІыхубэ артист **Акопян Арутюн** къызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм и политикэ лэжьакІуэ, театровед, журналист, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Щхьэлахъуэ Светланэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Къэрал къулыкъущІэ, Тамбов областым и администрацэм и унафэщІ **Никитин Александр** и ныбжьыр илъэс 41-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 16, жэщым градуси 3 - 5 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Уи къару єплъи, уи хьэлъэ здэщтэ.

● Гу зылъытапхъэ

«Адыгэ псалъэм» Іэ тевдзэ

«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфІхэ!

Илъэс ныкъуэм ныфхуахыну ди газетым Іэ щІэвдзыну фыхуэнэмысамэ, иджыри Іэмал фиІэщ ар вгъэзэкІуэжьыну.

Мэлыжьыхьым и 28 пщІондэ Іэ щІэвдзмэ, «Адыгэ псалъэр» ныфІэрыхьэнущ накъыгъэм и 1-м къыщыщІэдзауэ.

Мазитім ди газетым и уасэр сом 218-рэ кІэпІейкІэ 66-рэщ.

Ди индексыр 51531

Адыгэ ныпым и махуэр ягъэлъапІэ

Дыгъуасэ республикэм щекІуэкІащ Адыгэ ныпым и махуэшхуэм теухуа Іуэхугъуэ зыбжанэ. Абыхэм я пэщІэдзэу, Налшык къалэ, Абхъазым и утым, сыхьэт 11-м щызэхуэсащ икІи гуэзгуанэ трагъэуващ адыгэ щІалэгъуалэр.

ШУУЕЙХЭМРЭ машинэ 200-м щІигъурэ республикэр къызэхакІухьыну зекІуэ ежьэным и пэ къиху́эу, къекІуэлІэхэм ехъуэхъуащ, фІыщІэ хуащІащ Къэбэрдей Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфыщ Мухьэмэд**, КЪБР-м щыІэ Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэзыфсэщІ **Къалмыкъ Жылэбий**, «Адыгэ унэ» тыкуэныр зыгъэлажьэ Іутыж Мэжид сымэ.

Нэхъыжьхэр зекІуэ ежьэ щІалэгъуалэм ехъуэхъуащ гъэзгу махуэ техьэну, узынщэу къеІуэлІэжьыну, адыгэ ныпыр ягъэлъапІэу дяпэкІи куэдрэ зэхьихьэну.

- Дунейм зы нып дахэ тетмэ, етІуанэр ди адыгэ ныпращи, абы дыхуэфащэу Тхьэм куэдрэ дигъэпсэу! Гъэзгу фызытехьэр гъэзгум я нэхъ дахэ ухъу! Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ къабгъэдэкІыу лъэпкъым сыныбохъуэхъу, - жиІащ Хьэфыщ Мухьэмэд.

ФЫРЭ Анфисэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Лъэпкъым и напэ

● Дыгъуасэ

Адыгэ ныпым и махуэр дыгъуасэ Іэтауэ щагъэлъэпІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым. Лъэпкъ фащэкІэ зэщыхуэпыкІа шууейхэмрэ шабзищымрэ вагъуэ пщыкІутІымрэ зыхэдыкІа адыгэ нып щхъуантІэхэмрэ Налшык къалэр махуэ псом ягъэдэхащ.

АБХЪАЗЫМ и утым пщыхьэщхьэм къекІуэлІа щІалэгъуалэмрэ нэхъыжьхэмрэ щІэдзэІуащ «Бзабзэ» джэгуакІуэ гупым я къафэжьхэмрэ макъамэхэмрэ. «Адыгэ унэ» тыкуэныр зей, Тыркум илъэс 40-кІэ щыпсэуауэ Хэжжым къзэзыгъэзэжа Іутіыж Мэжид Адыгэ ныпым и махуэмкІэ къызэхуэсахэм щехъуэхъум, къыхигъэщащ лъэпкъым и дамыгъэ лъапІэу, абы и напэу ныпыр зэрыщытыр. «Шэч хэмылъу, адыгэ ныпыр тхъумэн, дыхуэсакьын хуейщ. 1830 гъэм адыгэм и бэракьыр къыщынэхуауэ щыта щыпІэм ди щІалэгъуалэр нобэ щыІащ, ныпхэр ядэхуарзэу. Ар плъагъуну гуэхъуэщ. Адыгэу дунейм тет псори, дэтхэнэ лакъуэри зы дызыщІу диІэ адыгэ ныпыр дымыкъуэмэу хъунукъым, и мыхьэнэри зыхэдмыщІэнкІэ Іэмал иІэкъым», - жиІащ Іутіыж Мэжид.

ЩІалэгъуалэм я мызакъуэу, Абхъазым и утым уащыхуэзэрт адыгэ ныпыр зыІыгъ нэхъыжьыфІхэми. Апхуэдэу махуэшхуэм хэтыну зыкъригъэхьэлІат ХьэтІохъущІыкъуей Ищхьэрэ къикІа Джаэз Хьэусен. «Пщэдджыжьым Налшык къалэ дыкъакІуэри, адыгэ ныпыр ди республикэм и щІыналъэхэм къащеізыхьэкІыну щІалэхэр ГъэзгуІ тедгъэуващ. Акъыл, насып, узынщагъэ ди лъэпкъым къыхудэкІуэну нобэ дохъуахъуэ. ЩІалэгъуалэ дахэ, губзыгъэ диІэщ, нэхъыщхьэращи, адыгэгу зэраІэр ядыболъагъу. Ар нобэ нэхъри зыхэтщІащи, дымыгушхуауэ схужыІэнукъым. Пэжыр жыпІэмэ, куэдкІэ нэхъ сфІэкъабылт нэхъыжьхэр нэхъыбэу мыпхуэдэ Іуэхуэхм къыхыхьэныр. Дауэ хъуми, нэхъыжьхым и ущие псалъэ нэхъыбэрэ зэхахыху, щІэблэми зыхилъхьэнур сэбэп зыпылъырщ. Сыт хуэдиз зэман дэкІами, ди Къэбэрдейр сыт щыгъуи щІэращІэу щытыну дыщогугъ», - къыхигъэщащ Джаэз Хьэусен.

Жэмтхъэзэ къуажэм къикІа, мыгувэу илъэс пщІейр зыгъэлъэпІэну Тхьэгъэлэдж Владимир Іуэхум теухуауэ жиІэн иІэт. «Си гъащІэм кьриубыдэу нобэ хуэдэ дуней дахэ слъэгъуакъым. Къэрал унафэщІхэм гулъытэ къыхуащІу мыпхуэдэу щІалэгъуалэр зэрызэхагъэхьэм щхьэкІи дахуэарэзэщ. Фочгъауэ макъ зэхэдмыхыну, зэгурыІуэ-зэдзІуэжу ди лъэпкъыр псэну ди гуапэщ. Адыгэм и хабзэри и дамыгъэхэри щІыхь пылъу зэрызэрахьэм уи гур хегъахъуэ. Нэхъыжьхым нэхъыщІэр иущийуэ, хъыбарыжьхэр я жьэгум щыжаІэу, тшынрэ щыттІэгъэнрэ дгъуэту Тхьэм дигъэпсэу! Лъэпкъри къэралри ефІакІуэу, утыку напэ къабзэкІэ дихьэфу, пэжагъ тхэлъу, дызэкІэлъыкІуэрэ дызэрыплъагъуу щытыну арат дызыхуейр», - жиІащ нэхъыжьым.

Адыгэ ныпым и махуэр зыгъэлъэпІахэм яхэта Ардавзхэ Руслан (Къаншыуей ныжажэ) и гупсысэмкІэ къыщыддэгуащэм къыхигъэщащ щІалэгъуалэм адыгагъэм, лъэпкъ хабзэхэм я гупэр зэрыхуагъэзэжар зэрынэрыпльагъур. «Адыгэ ныпыр лъагэу тІэту, нобэ Налшык къалэм Лениным и ура́мым дытету дыкъыдэкІуеящ. ЩІалэгъуалэм я лъэпкъ фащэхэр къащтэж хъуащ, хуэфэщэн хабзэри абы щыгъуэжьи хуейщи, зекІуэм сыщыхэтым, шэч хэмылъу, си гур зэрыхэхъуэр зыхэсщІащ», - жиІащ Руслан.

ЩІалэгъуалэм Абхъазым и утым адыгэ джэгу щащІащ, зэрыхабзэуи, лъэпкъ ныпым и теплъэр къэзыгъэлъагъуэ шабзищымрэ вагъуэ пщыкІутІымрэ шэху уэздыгъэхэмкІэ къаІэнэхуащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Илъэс куэд хъуауэ тэмэму мэлажьэ

Дзэлыкъуэ районым и щIыналъэ администрацэм щагъэлъэпIащ ЩIыпIэ унафэр зегъэкIуэныжькIэ Iэнатlэм и махуэр. Абы къырихьэлIащ районым и унафэщIхэр, жылагъуэхэм я Iэтащхьэхэр, щIыналъэ администрацэхэм я Iэщlагъэлlэмрэ лэжьакIуэхэмрэ.



● Махуэ лъапIэ

ЗЭХУЭСАХЭМ я пащхьэ къыщыщыпсалъэм, Дзэлыкъуэ районым ЩIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и Советым и тхьэмадэм и къуэдзэ Бжьахъуэ Ранетэ жиIащ район администрацэмрэ жылагъуэу 16-м я администрацэхэмрэ я лэжьакIуэу 145-м, къаужь жылагъуэхэм я депутату 166-м зэфIэкI хъарзынэ къызэрагъэлъагъэр. Бюджет политикэр зэпIэзэрыту пхыгъэкIымкIэ Дзэлыкъуэ районым нэгъабэ республикэм ялэ увыпIэр къыщихьащ. Сабий зеиншэхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщымкIэ федеральнэ программэм 2016 гъэм пэлъэщ радионитIым ящыщщ Дзэлыкъуэ районыр. Мыбы узынщагъэр хъумэнымкIэ Iэужыщlапlэу плIы, спорт ухуэныгъэу тIу гъэ кIуам къриубыдэу хьэзыр щащlащ.

Дзэлыкъуэ щIыналъэм лажьыгъэшхуэ щокIуэкI жылагъуэхэр псыкIэ, газкIэ къызэрызэгъэпэщагъ егъэфIэкIуэным хуэгъэзауэ. Апхуэдэу къаруушуэ ирахьэлIэ зэрыщыту социальнэ инфраструктурэм зегъэужьыным.

ЩIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм я махуэм-кIэ къызэхуэсахэм ехъуэхъуащ Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Джатэ Руслан.

«Сыт хуэдиз лэжьыгъэ зэфIэдгъэкIами, дэ тщыщ дэтхэнэ зыми адэкIэ къыпэщыт Iэхухэр нэхъыбэж мэхъу. Абы къыхэкIыу ди къалэнщ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным щIэныгъэу, зэфIэкIыу, къарууэ диIэ псори адэкIи етхьэлIэну. Иджыпсту властым и гъэзэщIакIуэ Iэнатlэм пэрыту районым щылажьэхэм а къалэныр нэсу зэрызэфIагъэкIыфынум шэч къытесхьэркъым. Араущи, районым зегъэужьыным, абы и цIыхухэм я Iэхур нэхъ тэмэму дэгъэкIыным хуэгъэзауэ тхуэзэфIэкI псори дызэщIыгъуу дывгъэлэжь», - къыхигъэщхьэхуакIащ Джатэм.

ЩIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ органхэм илъэс куэд лъандэрэ тэмэму зэрыщылажьэм къыхэкIыу район администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Бей Iэуес къыхуагъэфэщащ КъБР-м и ЩIыхь тхыльыр. Дамыгъэ лъапIэхэр а махуэм ираташ районым и муниципальнэ Iэнатlэм и лэжьакIуэ щхьэхуэхэм. Абыхэм ящыщщ Хьэбзэ щхьажьм и Iэтащхьэ Тюбеевэ Маринэ, Дзэлыкъуэ районым и Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Бэрэгъун Арсен, районым и пенсионерхэм я зегъужьнигъэм и тхьэмадэ Урысмамбэт Шафихь сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЩОКЪУЙИ Iэминэ.

● Текlуэныгъэ Иныр илъэс 72-рэ щрикъум ирихьэлIэу

Мысостей щыщу «ЩIыхь» орденыр къызыхуагъэфэщахэр

Мысостей жылагъуэм и щIалэ 400-м щIигъу Хэку зауэшхуэм кIуати, я зэхуэдитIым къагъэзэжакъым. А мафIэ лыгъэм хэтахэм ящыщу 5-м «ЩIыхь» орденым и ещанэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ. Ар зратыр езым и щхьэкIэ зэуапIэ губгъуэм лIыгъэ щызэзыхьаэрщ. И мыхьэнэкIэ «Вагъуэ Плъыжь» орденым кIэлъокIуэ. «ЩIыхь» орденым и нагъыщэ псори зиIэжэр Совет Союзым и ЛIыхъужьмэм хуагъадэ. ЩIхьэмыгъаззу бий ерум ялэщIэта ди щIалитхум - Вэрмахуэ Iэубэчыр, Бэвокъуэ Астэр, Хьэкъул Хьусен, Нэгъуей Жэбрэ1ил, Шэбэзджэрий Хьэждаут сымэ а дамыгъэ лъапIэр къыхуагъэфэщащ.

ХЭКУ зауэшхуэм щыщIидзам комсомолец Вэрмахуэ Iэубэчыр Шамсэдин и къуэм Хмельницкий Богдан орденыр зезыхьэ Бэракъ Плъыжь 273-нэ Бежецк фочауэ дивизэм и 967-нэ Владимир - Волынск полкым и отделенэм и командирт. Абдеж щыщIидзэри, лIыгъэм и щапхъэ къыгъэлъагъуэу, ар фашистхэм еэзуащ. 1942 гъэм и гъэмахуэм бийр ерыщу къэкIуатэрт, етIуанэ къебгъэрыкIуэныгъэкIэ Сталинград къыщтэну щIэбэгъырт. Гитлер и унафэкIэ, бадзэуэгъуэм и 25-м фIэмы-кIыу кьалэр яубыдын хуейти, къаруушуэ къращалIэрт. Мис а зэхуэу гъащIэхэм 273-нэ фочауэ дивизэм лIыгъэшхуэ щызэрихьащ, куэдкIэ кьебэкI зэрыпхъуакIуэхэм къыпикIуэтакъым. Iэубэныри яхэту, заузлI мин пщыкIущым щыщу мафIэ лыгъэм кьелар 12 кьудейщ.

1943 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м я полкыр Миус псым щызэпрыкIым, Вэрмахуэм и щхьэмрэ и лъакъуэ ижьымрэ уIэгъэ мэхъу. И узынщагъэр зэрызэтеувэжу, фронтым егъэззэж икIи Белоруссиер, Польшэм и Бреслау (Вроцлав) кьалэр хуит кьыщащIыжьым къыхохьанкI.

1945 гъэм мазаем и 14-м Аулендорф жылагъуэм щебгъэрыкIуэм, сержант Вэрмахуэ Iэубэчыр къыпльыкIуэкIа зэфIэкIымрэ хахуагъэмрэ теухуауэ фIыщIэ тхылъым мыпхуэдэу иратхэ: «Минэдзрэ пулемёткIэ зэпымыууэ къаззрыхуэум Iэмал къыхуагъэтри, Вэрмахуэ Iэубэчыр зи унафащI гупым хэтхэм быдапIэм Iэзэу къыпакIухьащ, бийм гъунэгъу зыхуащIри, фашистибл яукIащ» я Iэщэр зэхакъутэри, ротэм гъэгъур хуит хуащIащ. А зэхуэум и щхьэкIэ къыщигъэлъэгъуа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ, «ЩIыхь» орденым и ещанэ нагъыщэр Iэубэчыр къыхуагъэфэщащ.

Бэвокъуэ Астэр ТIыпIу и къуэр Рабочэмэкъумэшыщ Дзэ Плъыжьым (РККА) 1940 гъэм ираджащ. Зауэм и пэщIэдзэм, 1941 гъэм мэкъуаугъуэм и 23-м Ищхьэрэ - КъухьэпIэ фронтым и 946-нэ, иужькIэ жэпуэгъуэм икухэм 450-нэ фочауэ полкым хэтащ. 1941 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м Ленинград кьалэм и Iэшэлъашэм бийр ерыщу щебгъэрыкIуэр. Абыхэм ящыщ зым, и щапхъэмкIэ адрейхэр тригъэгушхуэу, бжьыгъэшхуэкIэ кьебэкI зэрыпхъуакIуэхэм щхьэмыгъаззу щапэуэри, финн зауэлIитI мыжьрэкIэ хигъэщIащ. А махуэ дыдэм езыми фэбжь хьэлъэ игъэтати, уIэгъэ кьыIуэк санитархэм, аукла я гугъу, Бэвокъуэр кьагъэнат. Ауэ и кьуажэгъу Щоджэн Хьэзиз и фIыгъэкIэ «псэ зыхэмытыж» зауэлIыр губгъуэм хэрахащ. Мазибгъум нэблагъэкIэ уIэгъэщым щIэлъа нэужь, и узынщагъэм кьызэримытIэсэнум кьыхэкIыу, 1942 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м дзэм кьыхагъэкIыжащ. Зэрихьа лIыгъэм папщIэ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УказкIэ, фочауэ Бэвокъуэ Астэр «ЩIыхь» орденым и ещанэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ.

Хьэкъул Хьусен Iувэ и къуэм 1933 - 1935 гъэхэм Дзэ Плъыжьым къулыкъу щищIащ. Хэку зауэшхуэр къыщыхъеи япэ махуэхэм езым и лъэIыкIэ фронтым кIуащ. 1941 гъэм дыгъэгъаззэм и 26-м къыщыщIэдзауэ Ипщэ фронтым и 302-нэ фочауэ дивизэм и 823-нэ бгы-фочауэ полкым пулемётгъауэу хэтащ. Япэщlыкlэ дивизэм Новороссийск и екIуэлIапIэхэр ихьу-мащ. Дыгъэгъаззэм и 29-м щегъэжьауэ Керчь-Феодосие десант Iуэхум Хьусен хэтащ. 1942 гъэм мазаем и 27-м Феодосие дэж Владиславовкэ станцым ди гъэщегъэрыкIуэм, Iэмал кьыхуигъэтри, бийр кьыздиукI щIыпIэм Хьусен епщылIащ, фашистхэм я Iэщэр икьуэтри, езыхэр зэтриукIащ. Абы и дыгъэкIэ, ротэр пльэщу ипэкIэ кIуэтащ. Кьигъэлъэгъуа хахуагъэм папщIэ, «ЩIыхь» орденым и ещанэ нагъыщэр Хьэкъулым кьыхуагъэфэщащ.

Нэгъуей Жэбрэ1ил Кlэмыш и кьуэр 1942 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м къыщыщIэдзауэ 1943 гъэм фокIадэм и 21 пщIондэ Кавказ Ищхьэрэ фронтым щызэуащ. 176-нэ фочауэ дивизэм и 404-нэ полкым и старшина Нэгъуеим, бийшэр кьызэрытельъльэу, Новороссийск и Iэшэлъашэм щекIуэкI лъыгъажэм хэт я ротэр зэрызэузэнкIэ кьызэригъэпэщащ, унафэр езым кьыщIэри, бийм ебгъэрыкIуащ, фашист 13 яукIащ, пулемётитI кьытрихащ. 1943 гъэм фокIадэм и 21-м зыхэта зэхуэу гуащIэм Жэбрэ1ил уIэгъэ хьэлъэ щыхуащ. Абы щызэрихьа лIыгъэмрэ кьыщигъэлъэгъуа хахуагъэмрэ папщIэ, «ЩIыхь» орденым и ещанэ нагъыщэр кьратащ.

Аруан кьуажэм щыщ Шэбэзджэрий Хьэждаут ХьэтIохъущокъуэ и къуэм и унагъуэр, кулак фIащри, хэкум ирагъэкIауэ щытащ. Фронтым щраджар Узбек ССР-м и Чирчик - Ищхьэрэ райвоенкоматрыщ. 1942 гъэм и фокIадэм Хмельницкий Богдан орденым и етIуанэ нагъыщэр зезыхьэ 39-нэ Бэракъ Плъыжь Чаплинскэ танк бригадэм и 23-нэ корпусым и япэ батальоным и кьулыкъым щыщIидзащ. Бригадэр Ищхьэрэ-Къухьэпlэ фронтым хьхьэрт. Т-34 танкым и топым и узэдакIуэу, дыгъэгъаззэм ар фронтым Iухьащ. А маазм и 20-м гъэгъэ мэхъу, и узынщагъэр зэрызэтеувэжу дзэм хохьэжри, Венгриер хуит кьэзыщIыжхэм яхэту, щызэмыгъаззу бийм йозауэ. «1944 гъэм щэкIуэгъуэм и пщыкIуэм щегъэжьауэ и 27 хьуху Шэбэзджэрий Хьэждаут лIыгъэрэ хахуагъэрэ кьигъэлъэгъуащ. Венгрием и Дьендеш кьалэм дыщебгъэрыкIуэм, бийм и зы топрэ транспорт машинитIрэ и экипажым икъутащ. Ерыщу ипэкIэ дыщыкIуата сыхьэтым сержант нэхъыщIэ Шэбэзджэрийм и танкыр кьагъэуат, ауэ мафIэр зыщIэна я техникэр экипажым ибгынакъым, нэхъри зэщIэплъауэ фашистхэм яхэуащ: минэдзэ 2, бийм и лъэсыдзэм щыщу 12 яукIащ», - щыжиIэрт абы и анкетэм.

А зэхуэу гуащIэм Хьэждаут уIэгъэ хьэлъэ щыхъури, сымаджэщым щIэлъащ. Кьиигъэлъэгъуа лIыгъэм кьыпэкIуэу ди къуажэгъу щIалэм «ЩIыхь» орденым и ещанэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ. Абы нэмыщI зауэлI хахуэм «Вагъуэ Плъыжь» орденыр, Хэку зауэшхуэ орденым и япэ, етIуанэ нагъыщэхэр, медаль куэд кьратащ.

БЕКЪУЛ Хьэбас,
Аруан къуажэм и Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ.

● Фэеплъ

Шапсыгъ Хьэсэн ящыгъупщэнукъым

ЦIыхум и гъащIэр къызэрабжыр кьигъэщIа илъэс бжыгъэркъым, атIэ къызэринэкIа Iэужь дахэхэщ. Апхуэдэ цIыху гуащIафIэу псэуащ Шапсыгъ Хьэсэн.

ШАПСЫГЪ Хьэсэн Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Ислъэмей кьуажэм 1938 гъэм кьыщалъхуащ. Кьуажэм дэт курыт еджапIэр кьиуха нэужь, дзэм кьулыкъу щищIащ. Армэ нэужьым КъБКъУ-м щеджащ. Ар еш имыщIэу илъэс 40-м щIигъукIэ Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм пэрытащ. 1992 гъэм кьыщыщIэдзауэ Шапсыгъэр Бахъсэн районым и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щытащ. Сыт хуэдэ Iэнатlэ пэрытами, ар и лъэпкъым гу кьабзэрэ псэ хьэлэлкIэ хуэлэжьащ. Шапсыгъ Хьэсэн зытелажьэ Iэужыгъуэхэм ящыщт адыгэ лъэпкъыр зэгурыIуэрэ-зэдэIуэжу, я хабзэ-нэмыс яIыгъыжу, я Iуэрыlуатэм, тхыдэм щыгъуаззу псэуныр, абы я щIэблэр щIапIыкIыныр. Хьэсэн гупьытэшхуэ хуищIырт анэдэлъхубзэр хъумэным, абы зегъэужьыным. ЛIы ахъырзэманым ьхэкъыу кьыгурыIуэрт лъэпкъыр лъэпкъ зыщIыж - къыдалъхуа бзэр хъумэным, абы зегъэужьыным хуэфащэ гупьытэ хуэщIын зэрыхуейр.

«ЛIыфI и щытхъу кIуэдыркъым», - жыхуиIэраци, Хьэсэн хуэгъэзауэ цIыхухэм ягу кьинащ зи мыкIуэдыжьын щытхъу куэд. Ар гущIэгъуныуэ, гу щабзу зэрыщытам щыхьэт тохъуэ тхьэмыщкIэхэм, дэхуэхахэм зэпымыууэ ядэIэпыкъуу зэрыщытар. Абхъаз щIыналъэм зауэ щекIуэкIым, ди къуэшхэм гупьытэрэ дэIэпыкъунгъэрэ щыхуащIэ екIуэлIапIэ Бахъсэн районым къыщызэрагъэпэщат Шапсыгъэм и жэрдэмкIэ. Абы щыгъуэми фIыуэ кIэрыхуащ диспансер учётым щытхэм, апхуэдизуи кIэлъыплъыныгъэм щIэт гупхэм хиубыдэхэм я бжыгъэмэ. КъищынэмыщIауэ, процент 20-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ опиумым хиубыдэ наркотикхэкIхэр зэзыхьэлIэ сымаджэхэр, - жиIащ Шаповаленкэ.

Дызэрыт илъэсыр къызэрихьэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щатхащ хабзэм ебакъуэу наркотикхэкIхэр, акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэр зэрыразгъэкIым ехьэлIа щIэпхъаджагъэ 269-рэ. Процент 28,6-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ наркотикхэкIхэр игъэкIыныр, проценти 144,4-кIэ нэхъыбэ хъуащ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэу ящыр.

НаркоегъэзыпIэу 8 зэхуащIащ, афиняжькIыу килограмм 30,6-м щIигъу кьытрахащ.

- Технологием зэрызиужьыр кьэуумылъытэу хуэнукъым. НаркотикхэкIхэр зыщIэхэм кьагъэсэбэп Интернетри жып телефонхэм я Iэмалхэри. Илъэсыр кьызэрихьэрэ Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм щыгъуэу кьыщIэдгъэщащ зэхуэмыизэу ахъшэр зэIэпызыых, «гъэтIылъыпIэ» жыхуаIэр кьэзыгъэсэбэп нэгъуэщI кьэралым щыщхэу цIыхуиплIрэ щыпIэм щыщу тхурэ. Мы гупым я пашэм героиныр Москва кьурыригъэшырт, ар КъБР-м щыпсэу гуэрхэм ягурыIуэу яригъащэрт. Прокуратурэм и унафэ щыIэщ мы щIэпхъаджагъэ псори зы бзаджащIэ гупым зэралэжьар тегъэщIапIэ тщIыуэ, уголовнэ Iуэху кьэIэтыным теухуауэ, - къыхигъэщащ Шаповаленкэ.

Управленэм лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIыжкI акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэр зэрыбгъэхьэзырыну щIыкIэм, апхуэдизкIэ къыщыпщэхунум теухуауэ Интернетым кьралъхьэр «игъэкъабзыкIынымкIэ». Мы гъэр къызэрихьэрэ апхуэдэ сайт 41-рэ кьыщIагъэкIащ, ахэр зэхуэщIыным теухуа хьыбарыр Роскомнадзорым Iэрагъэхьати, 20-р зэхуащIащ.

- Дэ дадолажьэ гуп зэмылIэужьыгъуэхэм, псом япэ щIалэгъуалэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ. А Iуэхум кьызэщIеубыдэ дзэ кьулыкъур езыхьэкIхэр, наркокщIэнхъаджагъэ зэралэжьам кьыхэкIыу суд зытращIыхьауэ щытахэр, тутнакъэщым имысу тезырыр зыпшынэжр, нэгъуэщIхэри. 2017 гъэр кьызэрихьэрэ Управленэм иригъэкIуэкIащ наркотикым зэрыпэщIэт, гъащIэ узынщэм кьыхуеэзыджэ, наркотикыр Iэщlыб ящIыным хуэзыгуфIэ Iуэхугъуэ 200-м нэблагъэ, - жиIащ абы.

НаркоIуэхущIапIэм и унафэщIым кьызэрихьэрэщи, гу нэхъ зылъытапхъэ я кьалэнхэм ящыщщ наркотикхэкI лIэужьыгъуэ хьэлъэхэр республикэм кьраушэныр, щагъэнэр щыгъэужьыр, ар зыхэлъ къэкIыгъэхэр республикэм и кьалэ, район щIыналъэм игъэкъэбзыкIыныр, «хущхъуэ наркоманием» земыгъэубгъуныр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ щIидзын икIи цIыхухэр щыгъуаззэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2017 гъэм мазаем и 28-м
№644-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2017 гъэм мазаем и 28-м

1 статьи

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и псэупIэм фондыр приватизацэ щыным и Iуэхукlэ» 2000 гъэм дыгъэгъаззэм и 14-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №246-РЗ-м и 6-нэ статьям и Iыхьэ 4-м хэт «ямыгъэIэпхъуэ мылъкумрэ ар зэблэгъэкIыныжькIэ къэрал реестр зэгъуэтыр» псалъэхэр зэхъуэкIын «ямыгъэIэпхъуэ мылъкумкIэ къэрал реестр зэгъуэтым» жиIэу.

2 статьи

«Организацэхэм я мылъкум тралъхь налогым и Iуэхукlэ» 2003 гъэм щэкIуэгъуэм и 27-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №102-РЗ-м и 4-3-нэ статьям и Iыхьэ 2-м и пункт 8-м хэт «ямыгъэIэпхъуэ мылъкумрэ ар зэблэгъэкIыныжькIэ къэрал реестр зэгъуэтыр» псалъэхэр зэхъуэкIын «ямыгъэIэпхъуэ мылъкумкIэ къэрал реестр зэгъуэтым» жиIэу.

3 статьи

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псэупIэм ехьэлIа зэхущытыкIэхэр зэрыщызэблагъэкIым и Iуэхукlэ» 2006 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №255-РЗ-м мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 13-нэ статьям и Iыхьэ 6-м хэт «ямыгъэIэпхъуэ мылъкумрэ ар зэблэгъэкIыныжькIэ къэрал реестр зэгъуэтыр» псалъэхэр зэхъуэкIын «ямыгъэIэпхъуэ мылъкумкIэ къэрал реестр зэгъуэтым» жиIэу.

2. 18-нэ статьям и Iыхьэ 6-м и пункт 5-м хэт «ямыгъэIэпхъуэ мылъкумрэ ар зэблэгъэкIыныжькIэ къэрал реестр зэгъуэтыр» псалъэхэр зэхъуэкIын «ямыгъэIэпхъуэ мылъкумкIэ къэрал реестр зэгъуэтым» жиIэу.

4 статьи

«Къэбрэдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм фэтэр куэд хъууэ щыIэ унэхэм хиубыдэ мыгуэша Iыхьэр зыхуей хуэзэу зэгъэпэщыжьыным и Iуэхукlэ» 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №62- РЗ-м мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 4нэ статьям и Iыхьэ 1-м дзэщIыгъужьхэм «, щIыналъэ операторым и счётыр, счётхэр, унэхэр зыхуей хуэзэу зэгъэпэщыжьыныжькIэ фондым и ахъшэ зэрыхалъхьам кьыпэкIуа хэхъуэхэр, фэтэр куэд хъу унэм щыщу ямыгуэша Iыхьэр зыхуей хуэзэу зэгъэпэщыжьыныр трагъэкIуэдэн папщIэ псэупIэхэр зи мылъкуу щытхэм кьащта кредитхэмэ адрей щIыхуэхэмрэ» жиIэу.

2. 12-нэ статьям:

1) Iыхьэ 2-м и пункт 1-м дзэщIыгъужьхэм «е реконструкцэ ирагъэкIуэкIын папщIэ» жиIэу;

2) Iыхьэ 4-м хэт «щIыналъэ программэм» псалъэхэм ядыщIыгъужьхэм «ар кьащта нэужь» жиIэу.

3. 22-нэ статьям кьару имыIэжу кьэлъытэн.

4. 32-нэ статьям и Iыхьэ 2-р мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу зэхъуэкIын:

«2. ЩIыналъэ операторыр и кьулыкъум ягъэуэ конкурсым кърикIуахэм ялкъ иткIэ. ЩIыналъэ операторым и кьулыкъум ягъэувынур кьыщIыхьэ конкурсыр кьызэрагъэпэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм игъэува хабзэм тету».

5. 35-нэ статьям и Iыхьэ 5-м хэт « ЯмыгъэIэпхъуэ мылъкумрэ ар зэблэгъэкIыныжькIэ къэрал реестр зэгъуэтыр» псалъэхэр зэхъуэкIын «ЯмыгъэIэпхъуэ мылъкумкIэ къэрал реестр зэгъуэтым» жиIэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм гъатхэм и 17-м
№6-РЗ

Наркотик зэхьэлIапIэу 8 зэхуащI

КъБР-м щIыIэ МВД-м Наркотикхэм кIэлъыплъыныжькIэ и управленэм и унафэщI полицэм и полковник Шаповаленкэ Константин журналистхэр щыгъуаззэ ищIащ 2017 гъэм и япэ мазищым я лэжьыгъэм кьрикIуахэм.

● Абы дегъэпIейтей

ШАПОВАЛЕНКЭ Константин къызэрыкигъэщащи, къызэдэкIа 2016 гъэм республикэм наркотик лIэужьыгъуэ щхьэхуэхэмкIэ и Iуэху зытетам мащIэу зихъуэжащ.

- Ар къыщыгъэлъэгъуащ КъБР-м Узынщагъэр зыужьмэныжькIэ и министерствэм къыт бжыгъэхэми. Илъэсыр къызэрихьэрэ республикэ наркологие диспансерым и учёт зэмылIэужьыгъуэхэм наркотикым итхьэкъуахэу 1849-рэ щытащ, илъэс кIуам и апхуэдэ пIалъэм ебгъапщэмэ, ар проценти 9-кIэ нэхъ мащIэщ. Абы щыгъуэми фIыуэ кIэрыхуащ диспансер учётым щытхэм, апхуэдэуи кIэлъыплъыныгъэм щIэт гупхэм хиубыдэхэм я бжыгъэмэ. КъищынэмыщIауэ, процент 20-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ опиумым хиубыдэ наркотикхэкIхэр зэзыхьэлIэ сымаджэхэр, - жиIащ Шаповаленкэ.

Дызэрыт илъэсыр къызэрихьэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щатхащ хабзэм ебакъуэу наркотикхэкIхэр, акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэр зэзыразгъэкIым ехьэлIа щIэпхъаджагъэ 269-рэ. Процент 28,6-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ наркотикхэкIхэр игъэкIыныр, проценти 144,4-кIэ нэхъыбэ хъуащ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэу ящыр.

НаркоегъэзыпIэу 8 зэхуащIащ, афиняжькIыу килограмм 30,6-м щIигъу кьытрахащ.

- Технологием зэрызиужьыр кьэуумылъытэу хуэнукъым. НаркотикхэкIхэр зыщIэхэм кьагъэсэбэп Интернетри жып телефонхэм я Iэмалхэри. Илъэсыр кьызэрихьэрэ Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм щыгъуэу кьыщIэдгъэщащ зэхуэмыизэу ахъшэр зэIэпызыых, «гъэтIылъыпIэ» жыхуаIэр кьэзыгъэсэбэп нэгъуэщI кьэралым щыщхэу цIыхуиплIрэ щыпIэм щыщу тхурэ. Мы гупым я пашэм героиныр Москва кьурыригъэшырт, ар КъБР-м щыпсэу гуэрхэм ягурыIуэу яригъащэрт. Прокуратурэм и унафэ щыIэщ мы щIэпхъаджагъэ псори зы бзаджащIэ гупым зэралэжьар тегъэщIапIэ тщIыуэ, уголовнэ Iуэху кьэIэтыным теухуауэ, - къыхигъэщащ Шаповаленкэ.

Управленэм лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIыжкI акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэр зэрыбгъэхьэзырыну щIыкIэм, апхуэдизкIэ къыщыпщэхунум теухуауэ Интернетым кьралъхьэр «игъэкъабзыкIынымкIэ». Мы гъэр къызэрихьэрэ апхуэдэ сайт 41-рэ кьыщIагъэкIащ, ахэр зэхуэщIыным теухуа хьыбарыр Роскомнадзорым Iэрагъэхьати, 20-р зэхуащIащ.

- Дэ дадолажьэ гуп зэмылIэужьыгъуэхэм, псом япэ щIалэгъуалэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ. А Iуэхум кьызэщIеубыдэ дзэ кьулыкъур езыхьэкIхэр, наркокщIэнхъаджагъэ зэралэжьам кьыхэкIыу суд зытращIыхьауэ щытахэр, тутнакъэщым имысу тезырыр зыпшынэжр, нэгъуэщIхэри. 2017 гъэр кьызэрихьэрэ Управленэм иригъэкIуэкIащ наркотикым зэрыпэщIэт, гъащIэ узынщэм кьыхуеэзыджэ, наркотикыр Iэщlыб ящIыным хуэзыгуфIэ Iуэхугъуэ 200-м нэблагъэ, - жиIащ абы.

НаркоIуэхущIапIэм и унафэщIым кьызэрихьэрэщи, гу нэхъ зылъытапхъэ я кьалэнхэм ящыщщ наркотикхэкI лIэужьыгъуэ хьэлъэхэр республикэм кьраушэныр, щагъэнэр щыгъэужьыр, ар зыхэлъ къэкIыгъэхэр республикэм и кьалэ, район щIыналъэм игъэкъэбзыкIыныр, «хущхъуэ наркоманием» земыгъэубгъуныр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Театр гъуазджэр зи гъащIэ, зи дуней Теувэж СулътIан 85



Режиссёр гъуэзджэ, республикэм и театр гъуазджэр зэфIэувэным зи гуащIэ хэзылъхьа, лэжьыгъэ щIэщыгъуэхэр зыгъэува Теувэж СулътIан и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

Теувэж СулътIан Дзэлыкъуэкъуажэ къыщалъхуащ. Пасэ дыдэу наIуэ хъуат зэфIэкI хъарзынэ бгъэдэлъу ар Тхьэм къызэригъэщIар: накъыраплщэу хэтт Дзэлыкъуэкъуажэ дэт сабий садым къыщызэрагъэпэщащ самодеятельностым. Зэманыр кIуатэурэ щIалэм и зэфIэкIым хэхъуащ. 1953-1958 гъэхэм ГИТИС-м щеджащ. Къигъэзэжа нэужь, Щоджэнцыкиу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым режиссёр нэхъыщхьэу куэдрэ щылэжьащ. Ар псынщIэу республикэм къыщацIыхуащ, и Iэзагъэр, гумызагъагъэр, зэфIэкIыр хэIущIыIу хъуащ. Иджыпсту Урыс къэрал драмэ театрым и режиссёр нэхъыщхьэщ.

Псом хуэмыдэу куэдым гукъинэж ящыхъуащ Щоджэнцыкиу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым Теувэжым щигъэува «ЩIыщIэ къэIэта», «Эдип», «Тыргъэтауэ», «ЩIакIуэ фIыцIэ», «Истамбылакиу», нэгъуэщI спектакль хьэлэмэтхэр. Апхуэдэу щIыхубэм зиг дыхьащ абы игъува «Рабы власти», «Ханума», «Невеста из Имеретии», «Сказка о мнимом принце», «Мыщэ и къуэ Батыр», «Лир пащтыхь» лэжьыгъэхэр. Абы и спектаклхэр екъулIэныгъэшхуэ яIэу щагъэлъэгъуащ Черкесск, Мейкъуапэ къалэхэм, нэгъуэщI щыпIэ куэдым.

РСФСР-м гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ Теувэж СулътIан. КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреатщ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Зыми хэмыгъуащэ хъэтI

Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэм джэгуакIуэ псалъэр къыдогъуэгурыкIуэ. Ар и щыхьэтщ джэгун хьэлыр лъэпкъым и гъащIэм, и дунейм зэрыхэпщам. Ауэ, сыт хуэдэ джэгуакIуэ уиIэми, а псор къыззыгъэпэщыж, ар и пIэ изыгъэувэж, ар цIыхубэм я пащхьэ изыльхьэ режиссёр уимыIэмэ, Iуэхур и кIэм нэгъэса хъуркъым. Апхуэдэ режиссёр гъуэзэджщ Теувэж СулътIан.

СУЛЪТIАН щымылэжьа театр республикэм диIэкъым. Ар сыт щыгъуи актёрым нэхъ тегъэщIауэ мэлажьэ. Спектаклым къыхэщ лIыхъужьым и кIуэцIыкIыщIэм къыщежьэ гъащIэр утыку кьрихьэрэ езым къигупсысар абы хипщэжрэ артистым нэхъ дахэу цIыхум зэрабгъэдилъхьэнум и ужь иту апхуэдэщ. Теувэжыр зэлэжьа спектаклхэр къемыхъулIауэ зэи къэхъуакъым. Сыт хуэдэ пьесэ елэжьми, гумызагъэу, зыхуейм хуэдэу мыхъуауэ СулътIан ар утыку кьрихьэнутэкъым. Абы игъувэхэр сытым дежи дахэщ, езым и хьэтI, и еплъыкIэ иIэжу щытщ, уигъэпIейтейуэ, уигъэгупсысэу, уи гур зэхэзехуэн ищIу.

ИтIанэ, абы фIыщIэ хуэфащэщ зэпымыууэ бзэм зэрелэжьым папщIэ. Гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым и спектаклхэм щыджэгу артистхэм бзэ дахэ зэрагуРыуIым. Зэи щымыгъупщэу, зэи Iэщ Iэмыхьу хущIокъу актёрхэм бзэр къабзэу зэрагъэшэ рыуэ-нум, екIуу театреплхэм я деж ар зэрынахьэсынум, бзэр ипэкIэ зэ ригъэкIуэтэнум. Ар лэжьыгъэшхуэу къизолъытэ.

Театрым къыщызгъэзэжам япэу сызыхуэзар Теувэж СулътIант. Абы игъувэа спектакль зыбжанэм сыхэтащ, гуэргу тэмэм сытезыгъэувари аращ. Зи илъэс 85-р зыгъэлъапIэ, лэжьыгъэфI куэд зиIэ Теувэж СулътIан сохъуэхъу узышигъэ быдэ иIэну, и гукъыдэжымрэ и зэфIэкIымрэ мыужьхыяу илъэс куэдкIэ дяпэ итыну.

КЪУМАХУЭ Мухьэдин,
КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр.

И нэIэ адыгэбзэм тригъэтщ

Москва еджакIуэ дыкъикIыжа нэужь, ди театрым и мызакъуэу, радиоми, телевиденэми СулътIан щигъэува спектакль нэхъыфIхэм дыхэтащ. Театреплхэми критик цIэрыIуэхэми а лэжьыгъэхэм щытхъу куэд хужаIащ.

СУЛЪТIАН сыт щыгъуи жыджэрщ, тхьэкIумафIэщ, набдзэгубдзаплъэщ. Дэ режиссёр куэдым дадэлэжьащ, ауэ СулътIан хуэдэу пьесэри образхэри къызыгурыIуэ, зыхэзыщIэ, зэпкърызыхьэ, артистхэм ябгъэдэзылъхьэф диIэкъым.

Псом хуэмыдэу СулътIан хуосакъ, и нэIэ тригъэтщ адыгэбзэм. Ар абыикъукIэхуэщэрыуэщ. Роль дгъэззэщIаэм я хьэл-щэныи, я теплъэм, я шыфэлIыфэм хуэфэщэн бзэкIэ артистхэр дигъэпсэлъэфырт. Зы псалъэ дэнэ хэсна, зы хьэрф бгъэкIуэдыу, зэпхъуэкIыуи идэртэкъым. Ар щIыжьысIэращи, Теувэжыр ди театрым щыщыIэжьам артистхэм ди псэлъэкIэр зэгъэкIуэтащ и иригъэфIэкIуащ.

Ди псэм хуэдэу тлъагъу IутIыж Борис и «Тыргъэтауэ», «Эдип» пьесэхэр сыт хуэдизу бзэ дахэкIэ имыытхами, ахэр Теувэж СулътIан имыгъэвауэ щытамэ, еплъхэм апхуэдизу гурыхь ящымыхъункIи хъунт.

СулътIан и къарумрэ зэфIэкIымрэ гукъыдэжыщхуэ я гъусэу, фIыщэу илъагъу и унагъуэм гуфIэгъэу куэд ядильагъуу, ядилэту, и гуащIэм и хъер илъагъуу илъэс куэдкIэ Тхьэм тхуигъэпсэу.

ЖЬАКIЭМЫХЪУ КIунэ,
УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ.

Зэпэщхьэхуэу уегупсысыфыркъым

Театрымрэ Теувэжымрэ зэпэщхьэхуэу уегупсысыфыркъым. Си щхьэкIэ «театр» псалъэм япэу сигу кьиГэкIхэм ящыщщ Теувэж СулътIан.

ХьЭП зырызыхэ зимыIэ цIыху щыIэкъым. ЦIыхум и зэфIэкIыр нэхъ лъагэу и хьэлыр нэхъ гугъу хьууэ къыщIэкIынущ, ауэ СулътIан хуэдэу зэфIэкI зиIэм, зи Iэщ Iагъэм уэлэрыхуэм удэлэжьэныр насыпышхуэщ. Ар Тхьэм кьигъэщIа режиссёрщ. Илъэс 30-м щIигъэкIэ сыдэлэжьащи, и Iэщ IагъэкIэ лъэкIынигъэшхуэ зэриIэр, актёрыр зыхуэдэмрэ абы хуэзфIэкIымрэ занщIэу къызэрихутэфыр, бзэмыгу дыдэу щытми, адыгэбзэ къабзэр къызэрыжьэдишыфыр нобэми согъэщIагъуэ. Зы унагъуэшхуэм хуэдэу Iэнэм пэрысу дэтхэнэ зи артистми жиIэнымрэ зэрызищIын хуеймрэ къагуримыгъэIуауэ, спектаклыр и кIэм нэс зэпкъримыхауэ СулътIан зэи репетицэ щIышынутэкъым. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэ зиIэр СулътIан и закъуэщ. Адыгэ театрыр зыхуэдэн хуейм иригъэвэ дэтхэнэми и гукъеуэщ, шэч хэмылъу, ар ди деж режиссёр нэхъыщхьэу зэрыщымылэжьэжыр.

КЪЭЖЭР Борис,
КъШР-м щIыхь зиIэ и артист.
2002 гъэ

Си егъэджакIуэ, си ущиякIуэ

Теувэж СулътIан илъэс зыбжанэ хъуауэ соцIыху. Ар ящыщщ ди республикэм и театр гъуазджэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIэхэм, ипэкIэ зыгъэкIуэтахэм.

ГЪУАЗДЖЭХЭМКIЭ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым Теувэж СулътIан сызэрыщригъэджам хуэдажьу срогушхуэ. Абы куэд къысхилъхьащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, си егъэджакIуэм къызита щIэнигъэри Iэзэу бгъэдыхьэкIэхэри си лэжьыгъэхэм зэрызыкIуэ. Москва си щIэныгъэм зэрыщыхэзгъэхъуари Теувэжырщ зи фIыгъэр. СулътIан и бзэкIи, и псэлъэкIэкIи, и дуней еплъыкIэкIи, и спектакль гъэувыкIэкIи, и лэжьэкIэкIи щапхъэщ. Нобэр къыздэсым абы и деж чэнджэщащкIэ сокIуэ, и псалъэ Iущхэм сыщIодэзу, зызогъэзыущ. Абы хуэдэ режиссёрхэр зырызыхэхэщ.

СулътIан удэлэжьэну гъэщIэгъуэн дыдэщ. Абы игъэувыну спектаклым къыхэщ рольр зыхуигъэфэщэну и мурад актёрыр утыку кьришэн ипэкIэ, а цIыхур «къетIэщI». ЛIыхьужьым и теплъэм, и образым актёрыр хуэкIуэнхуэмыкIуэным кьищынэмыщIауэ, абы и гупсысэкIэр, и дуней еплъыкIэр зрегъащIэ. Репетицэр зденкIуэкIым, упщIэ гуэрхэр къуидзуэ зы псэныкъуэкIэ Iуэхум тIэкIу утригъэгупсысыкI хуэдэу зищIурэ, сыт хуэдэ псалъэмакъри зи ужь ит лэжьыгъэм кърешэлIэж. Зэ еплъыгъуэкIэ умылъагъу, уигу къэмыкI куэдым гу лъетэри, а гупсысэм и куэдагъэр къыщигъалъэу къыпхуеIуэтэ.

ЛэжьыгъэфI куэд къехъулIащ Теувэжым. Апхуэдэхэщ «Эдип», «Пащтыхь Лир», «Тыргъэтауэ», «Джамэлей», нэгъуэщIхэри. Лэжьыгъэм бгъэдыхьэкIэ щIэщыгъуэ зэрыхуиIэр арауэ къыщIэкIынущ СулътIан сыт хуэдэ жанрым щыщ спектакль утыку кьрихьэми, ар цIыхухэм гъэщIэгъэун, гукъинэж щIащыхьэр.

ЗэрытщIэщи, дэтхэнэ зы актёрри хуэныкъуэщ езым и дэлхэ зригъэз режиссёр, а тIур зэгурыIуэу щызэдэлажьэм и деж насыпышхуэщи. Теувэжыр ТIыхьжь Алий, Къаздэхъу СулътIан, Сонэ Мухьэрбий, ДыщэкI КIунэ, Мысостышхуэ Пщызэбий сымэ псалъэ лей хэмыту, зым жиIэр адрейм итхъуатэу, зэгурыIуэ яку дэлъу зэдэлажьэу щытащ. Теувэж СулътIан ди театр гъуазджэм хуилэжьам урипльэжмэ, щIэныгъэшхуэ, къаруушхуэ, уэзышыгъэшхуэ хилъхьащ. ДяпэкIи Тхьэм хущIигъэхьэ.

Теувэжым техуауэ сыт хуэдизу псалъэ гуапи схужьынущ. Ауэ, езым гулъытэр егъэлеяуэ и жагъуэщ. Абы и щыхьэтщ къыщалъхуа махуэр нобэр къызэдэсым къызэрытщибзыщIыр. СулътIан хуэдэхэр дгъэльэпIэн, пщIэ яхуэтщIын хуейщ. Илъэс куэдкIэ Тхьэм дяпэ иригъэт, тхуигъэзыныщэ. Абы хуэдэ нэхъыжьэр Алыхьым куэду къыщыдит!

ЕМКЪУЖ Андзор,
режиссёр.

Зи къару зэи емыблэж режиссёр

«ТIур тIукIэ бгъэбагъуэмэ...» жыхуиIэ есэп къызэрыгуэкI дыдэм хуэдэщ мы гупсысэр: щэнхабзэ зимыIэ лъэпкъыр лъэпкъ нэщIысауэ убж хъунукъым, зи щэнхабзэр зыфIэмыIуэхуж, абы и къэкIуэнум щIэмыгупсыс, зезымыгъэужь лъэпкъ щыIэмэ, апхуэдэм езым и Iэкlэ а зытес дуней къудамэр пилъщIыжу аращ. Тхыдэ кхъахэр щыхьэт зэрытехъуэщи, апхуэдэ къудамэ куэдыкIей тебзэщыкIащ дуней жыгыжьым. Тхьэм ар дэ къытхуимыуухкIэ, ауэ лъэпкъ щэнхабзэм и пкъыр кIуэ пэтми гъащIэм къызэрихузыр тлъагъуэкIэ, мис абыхэм нэхъ щыIэгупсысрэ дригузавэу, дригузавэ щхьэкIэ, нэхъыфIым щыIэгугъныр (нэхъыфIым щыIэгугъныр диагноз зыхуэхъуа ныбжьым дыщыщкъэ дэ!) зэманым дыдогъуэгурыкIуэ.

ЖЫЗЫIЭНИ щыIэщ щэнхабзэм фыщытепсэльыхьыкIэ, фымыIэтыIуэу пIэрэ, ярэби, абы и пщIэр, дэвмыгъуэиIуэу пIэрэ и мыхьэнэр? Ар апхуэдизу хъуГуэфIыгъуэшхуэрэ лъэпкъым и нэIэ тет зэпыту щытын хуейр пэжу пIэрэ? Уей-уей жезыгъэIуэ дуней псор зыдэплъей лъэпкъ пэрытхэм уахэплъу ахэр щхьэж и щэнхабзэм зэрыкъэсакъыжыр плъэгъуэ нэужь, мо жыгIар зэрыпэжым шэч лъэпкъ къытепхъэжыркъым, ауэ... Ауэ нэм къыщыхэрызыпхъуэ зэманхэм деж а пэжыр къэлъагъуэрыйуэ.

Тхьэм ирещIи, ди щIэныгъэри, ди Iэщ Iагъэри, ди мурадхэри щэ-къэщхэум и закъуэ тегъэпсыхьарэ ахъшэ-бохъшэ фIэкIа нэкуи-напIи димыIэжу нобэ лъэпкъыр зэрыщытбззэрыкI дытетIохьэжыну къыщIэкIынт, дызэрыгуфIэщ, дызэрыгушхуэн, «Мыпхуэдэ уиIэу укъикIуэт хъурэ!» жыдзэзыгъэIэ щэнхабзэ зэманым щтэIэщтаблэ ищIа ди лъэпкъым и щыбгъэшыр щыдэмытамэ. Тхьэм и шыкуркIэ - къыдэтщ. Япэрауэ, лъэпкъ нэхъ ин гуэрхэри зытемыкIытыхьын ди тхыдэр. А тхыдэр зыдэщIэращIэ хэкуIкIэр... ЕтIуанэрауэ, лъэпкъым и дыщэ пхъуантэу ди IуэрыIуатэР. А IуэрыIуатэм кьигъэщIыжа литературэр... Псэр зыхьэху ди пасэрей уэрэдхэр, пшынальэхэр. Ахэр зи лъабжьэ композитор Iэужьхэу ди гъащIэм къыдэшэрашэхэр... Дахагъэм псэкIэ суРэт тезыщIыкIыф Iэпщ Iэлъапщ Iэхэм я Iэдакъэщ Iэкlэхэр... Зи къуэпсхэр жыжьэ дыдэ къыщежьэ адыгэ театр гъуазджэр... Мис апхуэдэ налъэ куэду зэхэпщ илъэсищэкэм, илъэс минхэм зэIуада а лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэу «щэнхабзэкIэ» зэджэжыр...

Куэд, куэд дыдэ мэхъу а хъугъуэфIыгъуэхэр лъэпкъым къыхуэзыгъэщIа, хуэзыхъума, ди зэманым къэзыхьэсауэ нобэм хуэзыгъэлажьэ цIыхухэр... Мис апхуэдэ цIыху щхьэпэхэм, IэхъущIафэ ин а хъугъуэфIыгъуэм хэзылъхьа псэемыблэжкэм ящыщщ нобэ дгъэпсэлъапIэ режиссёр Iэзэ Теувэж СулътIан.

Жьыжьаплъэу мыхъуу, СулътIан и лэжьыгъэхэм, и лэжьакIэхэм гъунэгъуу щыгъуазэхэм сащыщу зыкъызолъытэж сэ, сыту жыпIэмэ куэд щIаIуэ дызэроцIыху, дызэролъытэ, Адыгэ театрым си пьесэ зыбжанэ щигъэуващ.

Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, сэ хуабжьу сохъуапсэ зи пьесэ театрым щагъэувкIэ, зи тхылъ типографием къыщащыпкIэ, къыхэщт ямыIэу зи унэ щIэсыж авторхэм. Зи уэзышагъэр зыхъумэжыну хуей дэтхэнэри апхуэдэу къыщIэкIынут зэрыщыгъэтхъэщ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, дэ дащыщкъым гу зэгъакIэ Тхьэр зыхъуэпсауэ а Iэдэбгъэщр зиIэхэм: дэри гугъу зыдогъэхьыж, ди тхыгъэм щхьэщытIысхьауэ гъуэгу езытхэри гугъу едгъэхьыж шэч хэлъкъым. Режиссёрхэр къапщтэмэ, абыхэм ягу нэхъ темыхуэ дыдэхэм ящыщу къыщIэкIынущ апхуэдэ драматургхэр: режиссёрыщхьэм къыщыхъуэпскIа мизансценэ, теплъэгъуэ дахэхэм хуэхIуэу зи пьесэр зыхъуэжыну хуэмейхэр, репетицэм кIуэурэ зи псалъэ дэтхэнэми тегузэвыхьу, «къащхьэщыжу» щысхэр, литературэм и гъунапкъэм икIрэ замыщIэжу режиссурэм хэбжьахъуэхэр. Апхуэдэхэм деж СулътIан гушыIэурэ жиIэ хабзэщ: «Ей-ей, си щIакхъуэ Iыхьэм укъемыIусат мис иджы!»

ЗэфIэкI зиIэ дэтхэнэри апхуэдэхъэ, - СулътIан цIыху Iэтlэпатlэкlэ уеджэнукъым, дэшэхыгъуэфIэхэм ящыщкъым, и жьIэм уедалуэурэ, зыдэпщIурэ укIуэмэ, нэхъ узыдгэгъугурыкIуэфыну режиссёрщ. Апхуэдэ режиссёрымрэ гунэмыс хьэл зиIэ драматургымрэ зэрыгъэтыншу пхуэжьыкъым. Дэри - аращ: пьесэр ди гуэрэныгуу дыщцIэзхуэзэ зззэмыгъэхэм деж, ди акъыл зэтехэуу, щхьэж и гунапкъэр здынэсыр ищIэжу нэхъыбэм дыздэлажьэурэ, режиссурэмрэ драматургиемрэ я бжьыпэхэр щытфIэзэрыни мызэ-мытIэу зыхъуащ. ЩIихьауэ репетицэм хэт актёрхэм я дежкIэ, дауи, гуапэкъым зэпэувау я зэтехуапIэр къэзылъыхъуэ режиссёрымрэ драматургымрэ я зэхуаку къыдэхутэнырэ. Къаздэхъу СулътIан мыгъуэм апхуэдэхэм деж жиIэрейт: «ФызэгурыIуэ, фызэгурыIуэ, фызэгурыIуэ...» ИкIи сытым дежи дызэгурыIуэжьырт, а зэтехуапIэри къызэздэдгъуэтырт.

Хэти сыти жрыреIэ, гъуазджэ нэхъыфIыр, нэхъ лъагэр къыщызэдзэлъпхъуэхэм я зэдауэми я зэщыхьэми лей лъэпкъ къишэркъым. Iейр псэ ужьыхарэ гу ужьыхакIэ зыгуэр къыщыплпхъуэм дежщ. А къэрлтыхьуэр къызэдзэгъуэтауэ къыщыщIэкIыжьым деж, абы фIэзэрыхуэкIуэ лъагэуэм щекIуэкIэ псори пщогъупщэж. Къанэр абы кърикIуа гухэхъуэрщ, премьерэм ящыщфхуаIэт Iэгуагъэрщ, залым щIэсхэм я нэгу ит арэзынигъэрщ, гуфIэгъуэрщ... Мис а псори зыбжанэрэ зэдэтлъагъуащ Теувэж СулътIанрэ сэри, икъукIэ сыхуэзарэзыщ, пщIэшхуэ хузощI.

Ди зэран зыхэмылъ щхьэусыгъуэкIэ режиссурэ лэжьыгъэм зэгуэр зыщетпщыта къэхъуами («Эдип»), къыщIэгъэлъауэ дытепсэльыхьыфи хуэдизкIэ а Iэщ Iагъэм хэтщIыкIыу зыкъэтлъытэжьыркъым, атIэми, кIэщI дыдэу сытепсэльыхьыну сыхуейщ СулътIан и лэжьэкIэм хэслъэгъуа гуэрхэм.

Псом япэрауэ, спектаклым щыпхрышын хуей гупсысэ нэхъыщхьэр Теувэжым хъарзынэу къегуэт. Къегуэтри, мис абы адрей псори кърещIэкIыж. Армырамэ, спектаклыр спектакль хуэнукъым, Iэхум хуэзарму гуэрым ирилъхьа мэкъу гулъэм ещхьу, зэкIэрыщэту, къеутэкI-неутэкIыу щытынущ.

ЕтIуанэрауэ, мизансценэхэр узэримыгугъарауэ щIэщыгъуаГу хэлъу СулътIан къегупсысыф, ахэр хъарзынэу, мыдэ-щэ, лэрыпсым ещхьу зэпещIэ.

Адрейуэ, актёрхэмрэ образхэмрэ нэхъ зэрызэззгъыну, зэрызэтехуэну Iэмалхэр хьэлэмэту, апхуэдэ къазэрехъулIар езы актёрхэм щагъэщIэгъуэж щыIэу къегуэт. Дауи, аращ актёрхэм я нэхъыбэр Теувэжым дэлэжьэну щIафIэфIыр. Мыпхуэдэм деж нэхъыщхьэр Iуэхурщ, а Iуэхур зэфIэха зэрыхъу щыкIэрщ, режиссёрым и Iэзагъым щыщу къуитыфынур, къыбгъэдэпхыфынур зыхуэдизырщ, ахъумэ а Iуэхум щымыщ зэхущытыкIэхэрахъым.

Ауэ режиссёрым и лэжьыгъэм щыщу драматургым дежкIэ псом я щхьэращи, Теувэжыр, хэти хуэмыдахэжу, гъэщIэгъэнныщ тхыгъэм и йолэжь, литературэ и лъэныкъуэкIэ пьесэм хэлъ IофIыр сценэм нихьэсын зэрыхуейр, екIуэр-ещхьу къыщIупхуэгъэсбэлпмэ, а литературэм и къарумкIэ спектаклыр нэхъри къызэрыпхуэIуэтэнур къыгуроIуэ. СулътIан ещIэ дэтхэнэ псалъэми «плъыфэ» куэдыкIей зэриIэр, а псалъэм а спектаклым щиIэн хуей плъыфэ закъуэрхъарзынэу, авторым зэригугъуэу, е абы и гугъам ефIэкIыу къегуэтыф.

Юбилей псалъэ къыщыпхужаIэм деж, зэрытыпIэу уиIэр зэщIэкIыргъэрэ ущIэщIуэхьыжу къэпкIухьми, тIэкIу уагъэгушхуэн, уи гур уамыгъэхы-жьипэн мурадкIэ пщIышхуэ къыщыпхуаупс щыIэщ: хуабжьу ущIалафэу, а жьыхуаIэм хуэдэ ныбжь къозытыфын щымыIэу, кIуэаракъэ, зи къэзытуэр дахэм ухуэдэу уи фIэщ ящыну хуожьэхэр. Жьыгъэм къыщIам и щIыужькIэ гъуджэм ещхь пэж лъагъуГуэижьыр къуамыутIыпщу, пщы дахэшхуэ къыпхуаупсыныр хьарзынэкъэтIэ. УсакIуэшхуэм зэрыжиIащи, апхуэдэу гуэргу закъедгъэгъэпщIэну дэ сытым дежи дыхьэзырщ, ауэ... Ауэ ар уи фIэщынэ хъурэ «шкIащIэхэм» уахэпъэдэжкъэ, а пщIым укъызыхимыхьжьфын Iуэху уэхэуэнкIэ хъунущ...

ІУТІЫЖ Борис.
2002 гъэ

Нэсу хещIыкI

Теувэж СулътIан сэ къыщыщсцIыхуар 1968 гъэрщ. Абы щыгъуэ ар Музыкэ театрым и унафэщIт. Сэри театрым и хорым сыхэтт.

МОСКВА дыщыщIам ар мызэ-мытIэу накIуэурэ къыштIэуупщIэу, ди еджэкIэм щыгъуаэз зищIу щытащ. КъыщыщIэзэжам СулътIан ди адыгэ драмэ театрым и режиссёр нэхъыщхьэу лажьэрт. Абы игъэува спектакль куэдым сыщыщджэгуащ, икIи згъэззщIа ролхэр къызэхъулIамэ, ар зи фIыгъэр къэслытэр СулътIанщ.

Актёрым дэлэжьэкIэ зыщIэ, зыгуэркIэ зэщIеIаами, абы щхьэкIэ къимыгъанэу ролыр зыщIыфыну артистым ириту апхуэдэщ ар. Спектаклыр фIы зэрыхъунырщ псори зытриухуэр. Зыми хуэмыдажу артистым и бзэм йолэжь СулътIан. Жьыжьэу къоуври: «Сыт жыпIа, зэхэсхыркъым», - жиIэурэ тIэу-щэ къыщIрегъэдзэж. Сэ щхьэу дыдэу псалъэхэм сащыщкъым, ауэ куэдрэ СулътIан жьыхуIам сытригъэхуащ.

СулътIан драматургием нэсу хэзыщIыкI, абы и фIыпIэр нэхъыхэзылъагъуэкI, зи театреплхэр фIыуэ зыцIыху, ягу ирикъынур кьэзыхутэф режиссёрщ. Зи Iэщ Iагъэр нэгъэсауэ зыщIэ дэтхэнэ зыми хуэдэу, абы хьэл ткIий гуэрэ хэлъщ, ауэ удэлэжьэну тынмэ, зэфIэкI бгъэдэлъщи.

ИУАН Владимир,
Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и артист.
2002 гъэ

Си гъуэгу

Теувэж СулътIан и Iэзагъэр зэгуэр зыщетпщыта къэхъуами («Эдип»), къыщIэгъэлъауэ дытепсэльыхьыфи хуэдизкIэ а Iэщ Iагъэм хэтщIыкIыу зыкъэтлъытэжьыркъым, атIэми, кIэщI дыдэу сытепсэльыхьыну сыхуейщ СулътIан и лэжьэкIэм хэслъэгъуа гуэрхэм.

Псом апэрауэ, спектаклым щыпхрышын хуей гупсысэ нэхъыщхьэр Теувэжым хъарзынэу къегуэт. Къегуэтри, мис абы адрей псори кърещIэкIыж. Армырамэ, спектаклыр спектакль хуэнукъым, Iэхум хуэзарму гуэрым ирилъхьа мэкъу гулъэм ещхьу, зэкIэрыщэту, къеутэкI-неутэкIыу щытынущ.

ЕтIуанэрауэ, мизансценэхэр узэримыгугъарауэ щIэщыгъуаГу хэлъу СулътIан къегупсысыф, ахэр хъарзынэу, мыдэ-щэ, лэрыпсым ещхьу зэпещIэ.

Адрейуэ, актёрхэмрэ образхэмрэ нэхъ зэрызззэгъыну, зэрызэтехуэну Iэмалхэр хьэлэмэту, апхуэдэ къазэрехъулIар езы актёрхэм щагъэщIэгъуэж щыIэу къегуэт. Дауи, аращ актёрхэм я нэхъыбэр Теувэжым дэлэжьэну щIафIэфIыр. Мыпхуэдэм деж нэхъыщхьэр Iуэхурщ, а Iуэхур зэфIэха зэрыхъу щыкIэрщ, режиссёрым и Iэзагъым щыщу къуитыфынур, къыбгъэдэпхыфынур зыхуэдизырщ, ахъумэ а Iуэхум щымыщ зэхущытыкIэхэрахъым.

Ауэ режиссёрым и лэжьыгъэм щыщу драматургым дежкIэ псом я щхьэращи, Теувэжыр, хэти хуэмыдахэжу, гъэщIэгъэнныщ тхыгъэм и йолэжь, литературэ и лъэныкъуэкIэ пьесэм хэлъ IофIыр сценэм нихьэсын зэрыхуейр, екIуэр-ещхьу къыщIупхуэгъэсбэлпмэ, а литературэм и къарумкIэ спектаклыр нэхъри къызэрыпхуэIуэтэнур къыгуроIуэ. СулътIан ещIэ дэтхэнэ псалъэми «плъыфэ» куэдыкIей зэриIэр, а псалъэм а спектаклым щиIэн хуей плъыфэ закъуэрхъарзынэу, авторым зэригугъуэу, е абы и гугъам ефIэкIыу къегуэтыф.

Актёрым дэлэжьэкIэ зыщIэ, зыгуэркIэ зэщIеIаами, абы щхьэкIэ къимыгъанэу ролыр зыщIыфыну артистым ириту апхуэдэщ ар. Спектаклыр фIы зэрыхъунырщ псори зытриухуэр. Зыми хуэмыдажу артистым и бзэм йолэжь СулътIан. Жьыжьэу къоуври: «Сыт жыпIа, зэхэсхыркъым», - жиIэурэ тIэу-щэ къыщIрегъэдзэж. Сэ щхьэу дыдэу псалъэхэм сащыщкъым, ауэ куэдрэ СулътIан жьыхуIам сытригъэхуащ.

СулътIан драматургием нэсу хэзыщIыкI, абы и фIыпIэр нэхъыхэзылъагъуэкI, зи театреплхэр фIыуэ зыцIыху, ягу ирикъынур кьэзыхутэф режиссёрщ. Зи Iэщ Iагъэр нэгъэсауэ зыщIэ дэтхэнэ зыми хуэдэу, абы хьэл ткIий гуэрэ хэлъщ, ауэ удэлэжьэну тынмэ, зэфIэкI бгъэдэлъщи.

Ещанэ курсым дыщIэсу Ярославль къалэм 2004 гъэм щекIуэкIа театр фестивалым щыдгъэльэгъуащ Теувэжым игъувэ

Ныбжьэгъу ухуэзэмэ,
къыпщыгуфIыкIыу,
Жагъуэгъу ухуэзэмэ, уелъэщкIыу,
Псори къыпхуэныкъуэу,
Узыхуэныкъуэ щымыIэу
Куэдрэ утхуэпсэну!

ЩЭРМЭТ Людмилэ,
КъШР-м щIыхь зиIэ и артисткэ
КъБР-м и цIыхубэ артисткэ.

Данэ щIопщыр гъаджэ

Режиссёр гъуэзэджэщ Теувэж СулътIан. Илъэс куэдкIэ абы сызэрыдэлэжьамкIэ сынасыпIэщIу, сщIэфаIамэ, абы и фIыгъэу къызолъытэ. Сыхуейт адыгэ хъуэхъужьым хэт псалъэхэмкIэ зыхуэзгъаззу СулътIан нобэ мыпхуэдэу жесIэну:

Шыуэ узытесыр пцIэгъуалащхьэу,
Данэ щIопщыр бгъаджэу,
Зэ уджамэ уи Iуэху зэфIэкIыу,

Теувэжым и Iэмал иIэкъым и спектаклхэм щыджэгу артистхэм бзэ дахэ зэрагуРыуIым. Зэи щымыгъупщэу, зэи Iэщ Iэмыхьу хущIокъу актёрхэм бзэр къабзэу зэрагъэшэ рыуэ-нум, екIуу театреплхэм я деж ар зэрынахьэсынум, бзэр ипэкIэ зэ ригъэкIуэтэнум. Ар лэжьыгъэшхуэу къизолъытэ.

Театрым къыщызгъэзэжам япэу сызыхуэзар Теувэж СулътIант. Абы игъувэа спектакль зыбжанэм сыхэтащ, гуэргу тэмэм сытезыгъэувари аращ. Зи илъэс 85-р зыгъэлъапIэ, лэжьыгъэфI куэд зиIэ Теувэж СулътIан сохъуэхъу узышигъэ быдэ иIэну, и гукъыдэжымрэ и зэфIэкIымрэ мыужьхыяу илъэс куэдкIэ дяпэ итыну.

КЪУМАХУЭ Мухьэдин,
КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр.

ПщIэшхуэ хузощI

Теувэж СулътIан икъукIэ режиссёр гъуэзэджэщ. Абы и гащIэ псор театрым хуигъэпсащ.

ТЕУВЭЖЫР зыпэрыт къыщыкIэрэ сыт щыгъуи къызыхуэтыншэу егъэзащIэ. Студент жьыпIэми, актёр жьыпIэми зыдэлажьэхэм ящыщу зэфIэкI зиIэхэр занщIэу къыхелъагъуI, зэрыхуэзфIэкIкIэ ядолэпыкъу, ипэкIэ зэриГэкIуэтэнум хущIокъу.

СулътIан цIыху гуапэщ, зэпIэзэрытщ. ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым илъэсиплкIэ Теувэжым быдэригъэджащ. А зэманым къриубыдэу къэгубжьауэ зи тлъэгъуакъым икIи жагъуэ тщыхьэн, ди гум щыхьэн псалъэ зэхьдигъэхакъым. ЩIэныгъэ куу къыдитащ, театр гъуазджэм дыхиГэгъуэзащ, зыдигъэужьащ.

Ещанэ курсым дыщIэсу Ярославль къалэм 2004 гъэм щекIуэкIа театр фестивалым щыдгъэльэгъуащ Теувэжым игъувэ Гоголь Николай и «Женитьба», Дударев Алексей и «Рядовые» спектакIхэр. Фестивалым Дэбагъуэ Романрэ Эфендиев Фуэдэрэ дашауэ щытащ. Ди лэжьыгъэхэр ягу дыкьащ икIи фестивалым и лауреат дыхъури щыхьэ тхьэпхэр къытхуагъэфэщащ. Ар зи фIыщIэр, дауи, Теувэж СулътIанщ.

Щоджэнцыкиу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым лэжьапIэ сыкъызэращтари Теувэжырщ зи фIыгъэр. Урыс студиер къзууха щхьэкIэ, адыгэ театрым сыщылэжьэну си нэ къызэрикIыр СулътIан ищIэрт. ХэзмышIыкIыхэу апхуэдэ гулъытэ си егъэджакIуэм къызэрысхуищIар Iэфы, гуапэу си гум хуилъ, пщIэшхуэ хузощI.

БОЛЭ Анфисэ,
Щоджэнцыкиу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артисткэ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар **ТЕКIУЖЬ Заретэщ.**

Адыгэ лъэпкъыр куэд щIауэ дызэжьа макъ телъыджэ

● Щэнхабзэ

Музыкэ театрым уэрэджыIакIуэ щIалэ ДыщэкI Артур «Ипэрей» фIэщыгъэм щIэт концерт щитащ. Адыгэ эстрадэм и уэгум иджыри зы вагъуэ къыщыцIэрыуэнэхуар пшыхьым щIэса дэтхэнэм дэтхэнэми хьэкъ щыхъуащ пшыхь дахэм.

ЩОДЖЭНЦIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артист Хьэмырзэ Ахьмэдрэ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым хэт Гъущ1о Сохьанэрэ пшыхьыр къызэIуаха иужь, пшынэбзэр щызэрылъэлъ, адыгэбзэ къабзэмрэ макъ лъэщымрэ я Iутыкъ концертым ирагъэжьащ.

Утыку къызэрихьэрэ куэд мыщIами, псынщIэу щIыхуэхэм ягу дыхьэн, кIыдихьэхьн ДыщэкIым хуэзэдIэкIащ. Лъагъуныгъэм, ныбжьэгъугъэм, адыгагъэм, адэ хэкужьым, адыгэ джэгум, анэм, нэгъуэщI куэдми ятеуухуа уэрэд дахэхэр жиIащ, щIауэ.

ДыщэкIым мыр и япэ пшыхьу щытми, пэшым щIыхур щIэзу кьекIуэтащ, хущIегъуэжа къахэкIауи фIэщщыщIгъуейщ. Абы зэпымыууэ хуаIэт Iэгуауэ инхэм щIалэщIэр зэгригъэгушхуэм шэч хэлътэкъым. ЦIыкIури инри, жьыри щIэри щыплъагъурт а пэшым, абы и уэрэд жьыIэкIэм гупсэхугъуэ къаэзыриртыр нэрылъагъуу. Пэжу, ДыщэкI Артур хуэдэ уэрэджыIакIуэ адыгэ лъэпкъыр куэд щIауэ пэплъат.

«Хьуэпсанlэ нэхъыщхьэу сиlар нобэ къызэхъулIащ», - щыжиIащ Артур пшыхьым и кIэухым. Концертым и кIыхьагъкIэ ДыщэкIым къыдежьууэ, макъамэ Iэмэпсымэхэм еуэу и щIыбым кьыдэтащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Лосэн Тимур къызэригъэпэща «Бзэрабзэ», «Джэраджэ» гупхэр. Абыхэм я цIэр фIыкIэ иджыри куэдрэ зэрызэхэтхынур хьэкъщ.

Адыгэм и мызакъуэу, хамэ къэрал уэрэдхэри къызэрехьулIэр я фIэщ ищIащ Артур пшыхьым кьрихьэлIахэм.

- «Бзэрабзэ» гупым къахэжаныкIа Артуркlэ догушхуэ, - жеIэ ДыщэкIым и пшыхьыр къыкуэзэныгъэпэща, и альбомыр къыдэгъэкIынымкIэ сэбэпышхуэ къыхуэхъуа, уэрэд кущ хуэзытха Лосэн Тимур. - Абы зэрыцIыкIыргъ уэрэд жеIэ. Мы щIалэр къыщалъхуа Лашынкъей и закъуэкъым мы пщыхьэщхьэр зи гуфIэгъуэр, зэрыкъэбэрдейуэ зэрыгушхуэ хъун уэрэджыIакIуащ Артур. Пъэгу махуэ! Уи ехъулIэныгъэщIэхэмкIэ куэдрэ дыбгъэгуфIэну ди гуапэщ, - зыхуигъэзащ Лосэным ДыщэкI Артур.

Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист Батыр Мухьэдин и псалъэхэм я пэщIадзэм, Артур и адэ-анэмрэ и анэшхуэмрэ ехъуэхъуащ.

- Артур уэрэд жьыIэм и IуэхущIегъуэ куэдым хуэIэзэ уэрэджыIакIуэщ, ауэ нэхъыбэу абы и макъыр опернэ хуэщIащ. Талант ин зыбгъэдэлъ цIыхуущ. УфIэкIуэну си гуапэщ, - жиIащ Батырым.

Лашынкъей къуажэ администрацIэм и Iэтащхьэ ЗыбгъэкI Хьэсэн, ДыщэкIэ я лъэпкъ хасэм и тхьэмадэ ДыщэкI Хьэзрэталий, Тхьэзэлтыжь Мухьэмэд сыми хъуэхъукIэ зыхуагъэзащ лъэбакъуэ дахэ зыча щIалэщIэм.

- Сынохъуэхъу, си къуэш. Уэ пхуздэ уэрэджыIакIуэр зырызщи, «хьет» жегъэIэ. Уэрэджыlакlуэр щIэрыIуэ зыщIыр уэрэдщ, Лосэным пхуитх уэрэдхэр уасэншэщ, Урысей псом укъыщащIыхуну си гуапэщ, - жиIащ уэрэджыIакIуэ щIэрыIуэ, режиссёр Хьэжьрокъуэ СултIан.

«Ипэрей» фIэщыгъэм щIэту Артур иджыблагъэ къыдигъэкIа и диск зыбжанэ насыпырыхькIэ щагъуэщащ пшыхьым. Апхуэдэуи къыхагъэщащ ахэр «Адыгэ унэ» тыкуэн-музейм хуей дэтхэнэми къызэрыщигъуэтыфынур.

Пшыхьым и кIэухым Артур фIыщIэ хуищIащ и Iуэхур къыдэзыгъэпсынщIахэу «Кабардинка», «Бзэрабзэ», «Джэраджэ» гупхэм, Лосэн Тимур, Балэ Аслъэн, Хьэрэзжей Хьэсэн, Бэчыжь Аслъэн, Лий Аслъэн сымэ, я къуэдзэщIхэми.

Джэгур уджкIэ яух. Концерт нэужым зэхаша пщIантIэ джэгур куэдым гуIэфIтещIэж ящIыхьат.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Бахъсэн ныбжьыщIэхэм я зэфIэкI

Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я махуэм ирихьэлIэу, Къулъкъужьи Ищхьэрэ дэт Щэнхабзэмкlэ унэм сабий творчествэмкIэ фестиваль къыщыззэрагъэпэщащ. Абы хэтащ школакIуэ щIыкIуэр, творческэ гупхэр, музыкэмкIэ, гъэзджэмкIэ сабий школхэм щIэсхэмрэ щезыгъаджэхэмрэ.

ЩIЫНАЛЪЭМ щыпсэу щIыблэр къафэм, музыкэ Iэмэпсымэхэм зэрыкуэдIэзэм, макъ жьгъыру зэраIэм и щыхьэт хъуащ а зэхьыхьэр. «Псынэ цIыкIу» гупым хэтхэм я уэрэд жьыIэкIэм дихьэхат пэшым щIэса куэд. Къэсейхьэблэ къуажэм дэт гъуэзджэхэмкIэ школым щIэс Уэзрокъуэ Сэтэнейрэ Игнатовэ Лизэрэ фортепианэмкIэ я зэфIэкI кьагъэлъэгъуащ, абыхэм кьадеджэхэу Къундет Астемыр, ТIэхьир Элинэ, Къубатий Алинэ сымэ аккордеонир Iэзэу ягъэбзэрэбзащ.

Куэдым гъэщIэгъуэн ящыкъуащ Къэсейхьэблэ щынщ хъыджэбз нэхъ балигъхэм я къэфэкIэр.

Къыпн Мухьэмэд и цIэр зэрихьэу Къулъкъужьи Ищхьэрэ дэт гъуэзджэхэмкIэ школым кьафэм зыщцыхуезыгъаэсхэм «Мэздогу кьафэ», «Иорданием щыпсэу адыгэхэм я кьафэ» лIэужьыгъуэкIэр екIуу ягъэзэщIащ.

А махуэм утыку кьихьа цIыкIуэхэм ягъэлъэгуащ тепщIыхьмэ, Бахъсэн щIынальэр зэфIэкI зиIэ ныбжьыщIэхэмкIэ зэрыбейр пхужьыIэнущ.

- Сабий псомэ зэфIэкI щхьэхуэ якъуэлъщ, ар и зэманым къыпхуэхутэрэ зыпхуегъэужьмэ, уи насыпщ. Мы фестивалыр щыхьэт техъуащ Бахъсэн щIынальэм къыщыхъу щIэблэм зэрадзлажьэм, абыхэм я зэфIэкIым зэрызрагъэужьым, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министерствэм и методикэ Iуэхущ1апIэм и унафэщI Бэрбэч Бесльэн.

Сабий музыкэмкIэ школым иригъэкIуэкI лэжьыгъэ купщIафIэм и гугъу ищIащ Бахъсэн щIынальэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Iэхъуэбэч Андзор.

Бахъсэн щIынальэм щэнхабзэмкIэ къудамэм и унафэщI Бжьыкlуий Руслан артист ныбжьыщIэхэм щIыхь тхыльхэр яритащ.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

«Iуащхьэмахуэм» мы гъэм и япэ къыдэкIыгъуэр

«Iуащхьэмахуэ» журналым 2017 гъэм и япэ къыдэкIыгъуэр дунейм къытехьащ.

ЖУРНАЛЫМ и «ЖьантIэр» къызэIуехэ усакIуэ Гъубжокъуэ Лиуан къызэралъхурэ илъэс 80 зэрырикъум ирихьэлIэу ягъэхьэзыра тхыгъэхэмкIэ. Апхуэдэжьыр ТхьэгъэзэIт Зубер и «Гумызагъэ», Бицу Анатолэ и «Пэжыр и гъуаззу», Кьажэр Хьэмид и «Усэным къыхуигъэщIат», Хьэвжокъуэ Людмилэ и «Насыпкlэ ноби кьыддогуашэ». А Iыхьэм хагъэхьащ Гъубжокъуэм хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр, и усэхэр, и ныбжьэгъуэхэм, и лэжьэгъуэхэм я гъусэу зытригъэжа суэртхэр.

Сонэ Абдулчэрим къыщагъэкIа Балъкъар 75-рэ щирикъум ирихьэлIэу журналым ихуа КIуращын БетIал «Езым и дамыгъэ» тхыгъэм щызэпкърыхащ усакIуэм и Iэдакъэ къыщIэкIа усэхэр. Апхуэдэу а Iыхьэм хагъэхьащ Сонэм и усэ зыбжани.

Толстой Лев и «Хьэжмурат» повестым, Елгъэр Кашиф илъэс зыбжанэ ипэкIэ адыгэбзэкIэ зэридзэкIам щыщ пычыгъуэхэр мы къыдэкIыгъуэм кьытехуащ.

Куэдым яфIэкъэлэмэт хъуну къыщIэкIынщ Хьэтыкъуэ Умар и «Хабзэ зыхэлъ фыхуэймэ», «Хьэдэждадэ», «Уэзэсэ сэгъейщ», «ЩIэин», «Хьэм игъеижынщ», «ПщащIэм я щэху», «Хущхъуэ», «Дунейр апхуэдэущ зэриухуар», «Чысэ» новеллэхэр.

«Литературэ щIэныгъэ. Критикэ» Iыхьэм ихуащ Хьэвжокъуэ Людмилэ «Зи тхыгъэхэр гукъинэж» и тхыгъэр. Ар теухуащ тхакIуэ ХьэIупщы МуIэед новеллэ жанрым хуищIа хэлъхьэныгъэм.

Щоджэнщыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым роль 60-м щIигъу щызыгъэззэщIа Балъкъар Юрэ и гъащIэм, и лэжьыгъэм, и мурадхэм, театр гъуэзджэм зэрызригъэужьым теухуа тхыгъэ «Iуащхьэмахуэ» журналым къытредзэ.

«Дзэгъэшынэ шу закъуэ», «Апхуэди кьохъу», «Тотрэшрэ емынэ жьакIэрэ», «Тотрэшрэ нарт зэшиблымрэ» нарт Тотрэш и хъыбархэм щыщщ.

ЦIыкIуэр дихьэхынущ Хьэту Пётр и «Тэтэрхъан ябгэмрэ Заурхъан шабзаэмрэ», «МыщIэ зыфIэщIа дыщэ лэрыпс» таурыхъхэм.

Журналым и зи чэзу къыдэкIыгъуэр зэхуащIыж Хьэкъун Барэсбий и «Адыгэ къэкIыгъэщIэхэр» псалъалъэм хьахахаэмкIэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● ФщIэн папщIэ

«Теплъэ куэд зиIэ Урысей» журналист зэпеуэ зэIуха

Печатымрэ цIыхубэ коммуникацIэхэмкIэ «Татмедиа» республикIэ агентствэм хъыбар ярегащIэ «Теплъэ куэд зиIэ Урысей» урысейпсо журналист зэпеуэ зэIухам хэтыну хуейхэм тхылъхэр къаэрыIихыкIэ. Зэхьэзэхуэр хуэгъэзащ УФ-м и щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм кьадекIуэкI хабзэхэр щIэрыIуэ щIынымрэ хъумэнымкIэ щIэгъэкъуэн хуэхъуным.

ЗЭПЕУЭМ хэт хъунущ УФ-м цIыхубэ информацIэхэм и Iэнатlэхэм я редакцIэхэу ягъэува хабзэм тету ятхахэр.

Зэхьэзэхуэр ирагъэкIуэкI мыпхуэдэ лIэужьыгъуэхэмкIэ:

- «Телесюжетхэр»;
- «Телепроект» (документальнэ фильм, телепрограммэхэр)»;
- «Радионэтынхэр (репортажхэр)»;
- «Печать къыдэкIыгъуэхэм тразэ тхыгъэхэр»;
- «СМИ-хэм я Интернетым иралъхьа материалхэр»;
- «СМИ-хэм щагъэлъагъуэ сабий-ныбжьыщIэ узэщIакIуэ проектхэр»;
- Гран-при.

Зэпеуэм хэтхэм я анкетэлъэIуэхэмрэ конкурс лэжьыгъэхэмрэ «Теплъэ куэд зиIэ Урысей» псалъэхэр тетхауэ 2017 гъэм шыщхьэуIум и 1 пщIондэ къыщIах мы щIыпIэм: Печатымрэ цIыхубэ коммуникацIэхэмкIэ «Татмедиа» республикIэ агентствэ, 420066, Тэтэрстан Республикэ, Къэзан къалэ, Декабристхэм я уэрам, 2-нэ унэ, 6-нэ къат, 7-нэ пэш, СМИ-хэм я къудамэ. E-mail: mnogolikaya2017@mail.ru. Тел.: 8 (843) 570-31-12. Зэпеуэр зэрырагъэкIыжыну хабзэм щхьэтечу щыгъуазэ фищIынущ мы сайтым: www.tatmedia.tatarstan.ru и «Зэпеуэхэр» Iыхьэм.

«Теплъэ куэд зиIэ Урысей» зэпеуэм щытекIуахэм ахъшэ саугъэтхэр Къэзан къалэм 2017 гъэм и фокIадэм щратыжынущ.

КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацIэхэмкIэ и къэрал комитет.

● Футбол

«Автозапчасть»-р къэхъундэсхэм къызэтрагъэувыIэ

КъБР-м футболымкIэ и чемпион Бахъсэн и «Автозапчасть»-м мыгъэрей зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэ джэгуГъуящым топ 29-рэ и хьэрхуэрэгъуэхэм я гъуэм дигъэкIри, псори бжьыгъэшхуэкIэ хигъэщIат, езым зыри кьыхудамыгъэкIауэ. Арщхьэкlэ еплIанэ джэгуГъуэм къэхъундэсхэм къызэтрагъэувыIащ.

ИУЖЬРЕЙ илъэситIым республикэм и чемпион командэхэр Бахъсэн кьалэм щызэхуэзат. Ар хуабжьу удэзыхьэх зэрыхъунум зыми шэч кьытриехьэртэкъым. Апхуэдэуи къыщIэкIащ. ПщIондэ зэIущIэхэм нэхъри тригъэгушхуэ бахъсэндэсхэр занщIэу ебгъэрыкIуэу хуежьащ, арщхьэкIэ Къэхъун къикIаэри икIуэтынутэкъым, щыджэгуэжьи зэхъуэжьныгъэшхуэхэр яIэ хъуа пэтми. Абы и фIыгъэкIэ стадионым кьрихьэлIахэм дэрэжэгъуэ ин ягъуэтащ - я нэгу щIэкIащ зым нэхърэ адрейр нэхъ дахэжу топих гъуэхэм зэрыдагъэкIар. Пльэныкъуэхэм ахэр я щырыщу къызэрыщIэкIам къыхэкIыу удэзыхьэх зэIуущIэр зэрытемыгъэкIуауэ ихащ.

И стадионым щыджэгуу «Автозапчасть»-м очкоитI зэрыфIэкIуэдар кьигъэсэбэпащ иджыри къэс и хьэрхуэрэгъу псори хэзыгъащIэурэ екIуэкI Арщыдан и «Бедик»-м. Псыкъуэ щыIэу бжьыгъэшхуэкIэ текIуэри, абы зэхьэзэхуэм бжьыпэр щиубыдащ. Мыгъэрей зэпеуэм зы очкои зыфIамыхьар а зыращ.

Ипэ текIуэныгъэр еплIанэ джэгуГъуэм щызыIэрыгъэхьэри къыкIэрыхуэхэм къахэкIащ Шэджэм и «Къундетейр». ЗэкIэ апхуэдэ гуфIэгъуэр зыхащIакъым абы иужь къихуата командитхум. Псом хуэмыдэу я Iуэхуэхэр хэплъэгъуэщ «Бахъсэнымрэ» «Жулдуз»-мрэ.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм щеджэкI зэхьэзэхуэм и иужьрей зэIущIэхэм къариклуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: *ещанэ джэгуГъуэ* - **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **«Бахъсэн»** (Бахъсэн) - **2:0**, **«ГорИс-179 Прохладнэ»** (Прохладнэ) - **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **0:5**, **«Союз»** (Сэрмакъ) - **«Къундетей»** (Шэджэм) - **1:0**, **«Велес-СДЮСШОР»** (Къэрэгъэш) - **«Псыкъуэд»** (Псыкъуэд) - **1:3**, **«Бедик»** (Арщыдан) - **«Родник»** (Псынэдахэ) - **3:0**, **«Тэрч»** (Тэрч) - **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **0:3**, **«Керт»** (Къэхъун) - **«Жулдуз»** (Хьэсэней) - **2:0**, **«ХьэтIохъущыкъуей»** (ХьэтIохъущыкъуей) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **1:4**; *еплIанэ джэгуГъуэ* - **«Союз» - «Тэрч» - 3:0**, **«Автозапчасть» - «Керт» - 3:3**, **«ГорИс-179 Прохладнэ» - «ХьэтIохъущыкъуей» - 1:1**, **«Жулдуз» - «Велес-СДЮСШОР» - 2:3**, **«Родник» - «Псыгуэнсу» - 3:3**, **«Бахъсэн» - «Нарт» - 0:8**, **«Къундетей» - «ЛогоВАЗ» - 4:1**, **«Псыкъуэд» - «Бедик» - 0:3**.

ХьэТАУ Ислъэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Бедик»	4	4	0	0	13-0	12
2. «Автозапчасть»	4	3	1	0	32-3	10
3. «Нарт»	4	3	1	0	16-1	10
4. «Союз»	4	3	0	1	14-6	9
5. «Велес-СДЮСШОР»	4	3	0	1	13-8	9
6. «Керт»	4	2	2	0	12-4	8
7. «Псыгуэнсу»	4	2	1	1	10-9	7
8. «Псыкъуэд»	4	2	0	2	8-7	6
9. «ЛогоВАЗ»	4	2	0	2	9-9	6
10. «Тэрч»	4	2	0	2	6-6	6
11. «Къундетей»	4	1	0	3	4-16	3
12. «ХьэтIохъущыкъуей»	4	0	2	2	5-9	2
13. «Родник»	4	0	2	2	4-12	2
14. «ГорИс-179»	4	0	1	3	3-16	1
15. «Бахъсэн»	4	0	0	4	1-20	0
16. «Жулдуз»	4	0	0	4	3-27	0

Накъыгъэм екIуэкIыну зэIущIэхэр

Урысей Федерацэм и япэ дивизион

ЩэщIрэ етхуанэ джэгуГъуэ
Накъыгъэм и 6
(щэбэт)
«Зенит-2» (Санкт-Петербург) - «Мордовия» (Саранск)
«Волгарь» (Астрахань) - «Сибирь» (Новосибирск)
«Динамо» (Мэзкуу) - «Факел» (Воронеж)
«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Химки» (Химки)
«Балтика» (Калининград) - «Кубань» (Краснодар)
«Тюмень» (Тюмень) - «Шинник» (Ярославль)
«Енисей» (Красноярск) - «Сокол» (Саратов)
«Нефтехимик» (Нижнекамск) - «Тосно» (Ленинград область)
«Спартак-2» (Мэзкуу) - «Тамбов» (Тамбов)
«Луч- Энергия» (Владивосток) - «СКА-Хабаровск» (Хабаровск)

ЩэщIрэ еханэ джэгуГъуэ
Накъыгъэм и 10
(бэрэжьей)
«Сибирь» - «Спартак-Налшык»
«Мордовия» - «Волгарь»
«СКА-Хабаровск» - «Спартак-2»
«Кубань» - «Зенит-2»
«Химки» - «Луч-Энергия»
«Шинник» - «Енисей»
«Тамбов» - «Тосно»
«Тюмень» - «Нефтехимик»
«Сокол» - «Динамо»
«Факел» - «Балтика»

ЩэщIрэ ебланэ джэгуГъуэ
Накъыгъэм и 14
(тхьэмахуэ)
«Зенит-2» - «Факел»
«Волгарь» - «Кубань»
«Динамо» - «Шинник»
«Балтика» - «Сокол»
«Тосно» - «СКА-Хабаровск»
«Енисей» - «Тюмень»
«Нефтехимик» - «Тамбов»
«Спартак-2» - «Химки»
«Луч-Энергия» - «Сибирь»

Накъыгъэм и 17
(бэрэжьей)
«Сокол» - «Химки» *(тIощIрэ ебланэ джэгуГъуэм щыщщ)*

ЩэщIрэ еянэ джэгуГъуэ
Накъыгъэм и 20
(щэбэт)
«Мордовия» - «Луч-Энергия»
«Кубань» - «Спартак-Налшык»
«Химки» - «Тосно»
«Факел» - «Волгарь»
«Сибирь» - «Спартак-2»
«Тюмень» - «Динамо»
«СКА-Хабаровск» - «Тамбов»
«Нефтехимик» - «Енисей»
«Шинник» - «Балтика»
«Сокол» - «Зенит-2»

Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионат
Ебланэ джэгуГъуэ
Накъыгъэм и 6
(щэбэт)
«Бедик» (Арщыдан)- «Союз» (Сэрмакъ)
«Псыгуэнсу» (Псыгуэнсу) - «Автозапчасть» (Бахъсэн)
«Велес-СДЮСШОР» (Къэрэгъэш) - «Тэрч» (Тэрч)
«Керт» (Къэхъун) - «Къундетей» (Шэджэм)

Накъыгъэм и 7
(тхьэмахуэ)
«ЛогоВАЗ» (Бабугент) - «Родник» (Псынэдахэ)
«Нарт» (Нарткъалэ) - «Жулдуз» (Хьэсэней)
«ГорИс-179 Прохладнэ» (Прохладнэ) - «Бахъсэн» (Бахъсэн)
«ХьэтIохъущыкъуей» (ХьэтIохъущыкъуей) - «Псыкъуэд» (Псыкъуэд)

Еянэ джэгуГъуэ
Накъыгъэм и 13
(щэбэт)
«Керт» - «Велес-СДЮСШОР»
«Родник» - «ГорИс-179 Прохладнэ»
«Союз» - «Псыгуэнсу»
«Автозапчасть» - «Нарт»

Накъыгъэм и 14
(тхьэмахуэ)
«Тэрч» - «Бедик»
«Псыкъуэд» - «ЛогоВАЗ»
«Жулдуз» - «ХьэтIохъущыкъуей»
«Къундетей» - «Бахъсэн»

Ебгъуанэ джэгуГъуэ
Накъыгъэм и 20
(щэбэт)
«Нарт» - «Союз»
«Велес-СДЮСШОР» - «Къундетей»
«ХьэтIохъущыкъуей» - «Автозапчасть»
«Псыгуэнсу» - «Тэрч»

Накъыгъэм и 21
(тхьэмахуэ)
«Бедик» - «Керт»
«ЛогоВАЗ» - «Жулдуз»
«ГорИс-179 Прохладнэ» - «Псыкъуэд»
«Бахъсэн» - «Родник»

ЕпщIанэ джэгуГъуэ
Накъыгъэм и 27
(щэбэт)
«Союз» - «ХьэтIохъущыкъуей»
«Тэрч» - «Нарт»
«Велес-СДЮСШОР» - «Бедик»
«Автозапчасть» - «ЛогоВАЗ»

Накъыгъэм и 28
(тхьэмахуэ)
«Керт» - «Псыгуэнсу»
«Къундетей» - «Родник»
«Псыкъуэд» - «Бахъсэн»
«Жулдуз» - «ГорИс-179 Прохладнэ»

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкIэмыхъу Мариэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩIхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхэхэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщацIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуу зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм ахуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хутыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкl Сонэ,** *редактору* **Жылаесэ Заурбэч,** *корректорхэру* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дзэныкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, ЩомахуэМарианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.711 ● Заказ №503